ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№40 (23.448) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Силуанов Антонрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Москва щызэІуощІэ

Дыгъуасэ Москва щызэІуощІащ Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Силуанов Антонрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ бюджет зэхущытыкІэхэм, щыналъэ бюджетыр зэрызэпэлъытам. Гулъытэ хэха хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм адэкІи зегъэужьыным, къэрал дотацэхэр 2017 гъэм республикэм хухэхьыным теухуауэ нэхъ пасэу Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэпэгъуахэр, апхуэдэуи хэщІхэр гъэмэщІэным теухуауэ яубзыхуахэр гъэзэщІэным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

КІуэкІуэ Юрий Терешковэ Валентинэ и юбилеймкІэ йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Терешковэ Валентинэ и юбилеймкІэ екъуэхъуащ.

«ПщІэ зыхуэсщІ Валентинэ Владимир ипхъу! Си гуапэу сынохъуэхъу юбилей пІалъэмкІэ. Дунейм щыяпэ космонавт цІыхубзыр, Совет Союзым и ПІыхъыжьыр цІыхум и къэрум, ерыщагъым, мурад пыухыкІахэр зэгъэхъулІэныжьмкІэ егугъуныгъэм и щапхъэу ущытщ.

ЦІыхухэм яхуэлажьэным уи гъащІэр хуэбгъэпсри, уэ жылагъуэ, къэрал лэжьакІуэ гъэзэджэжу зыкъзбгъэльэгъуащ.

Нобэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату ущытщи, законхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ, къэралым и дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхъуэхэр дэгъэкІыныжьмкІэ лэжьыгъэм жыджэру уэхтщ.

Насып, узынщагъэ, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну си гуапэщ», - къыщыгъэльэгъуащ хъуэхъым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Махуэ гуауэ

Гум имыхуж илъэс гугъуехэр

Гъатхэпэм и 8-р дунейпсо тхыдэм ЦІыхубзхэм я гуфІэгъуэ махуэу хьыхьами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар фагъуэ зыщІ Іуэхуэхри щыІэщ. Абы и щыхьэт белджылыщ игъащІэ лъандэрэ къыддэгъуэгурыкІуэ балъкъэрхэм, шыгъупІастэкІэ дызыпыщІахэм, къатепсыхауэ щыта гуауэшхуэр. Илъэсхэр блэкІащ икІи блэкІынущ, арщхьэкІэ цІыху акъылым зэи къыхуигъэтІэсынукъым къэхъуар.

1944 ГЪЭМ и гъатхэр пасэу къэкІуат. Къуршхэм я жьэгъуэхэм уэсыр щытекІыжат. ЩІышхуэхкІэ зэи къулейуэ щымыта балъкъэрхэм я хадэ тІэкІуэр къатІырт, кІэртІоф щащІэн мурадкІэ. ГъащІэр зэпІэзэрыту екІуэкІырт, Хэку зауэшхуэм зи къуэхэр зыгъэкІуа адэ-анэхэр фронтым къикІынкІэ хъуну хъыбар шыгагъуэхэм зэрыпэплъэм и гугъу умыщІмэ. АрщхьэкІэ абы и закъуэтэкъым гъэзэгъуэр къащыпэплъэр...

Апхуэдэ махуэхэм ящыщ зым балъкъэр къуажэхэм дыхьащ совет сэлэтхэр зэрыс «Студебеккер»-хэр. АрщхьэкІэ цІыху лэжьэншэхэр абыи игъэпІейтеякъым: лажьэ гуэр якъуэлъу къащІыхьэртэкъым. Есы «еблагъахэми» зыкІи зыкърагъащІэртэкъым: жаІэрт зауэм гугъу щехьа сэлэтхэм зрагъэзэпэсхуну, я узынщагъэр зэфІагъэувжыну, жьы къабзэкІэ ягъэбэуэну я мураду арауэ. Пэжщ, къахэкІащ махуэ зыбгъупщІ ипэкІэ шэшэнхэмрэ къэрэшейхэмрэ я лъахэм ирагъэкІауэ (мазаем и 23-м) икІи ар дыдэр балъкъэрхэми кьаепплъэу зыгъэІуэахэри. АрщхьэкІэ я фІэщ хъуртэкъым. Яльагъуртэкъым апхуэдэ мыгъуагъэ къащІыхуэкІуэн щхьэусыгъуэ. Ауэ псори, зэрыжаІэщи, ятхри ябзыжакІэт...

Гъатхэпэм и 7-м цІыхухъу фІэкІа зыхэмыт зэІущІэ ирагъэкІуэкІыну жаІэри, къуажэ къэс клуб теплъэ иІэу дэт унэхэм щызэхуашэсащ лІыхэр. АрщхьэкІэ зэнщІуэ Іэл къэхъуа сэлэтхэм абыхэми, мыдэкІэ я унагъуэхэм щыІэхэми жраІащ гъуэгу жьжьэ техьэну загъэхьэзырыпн папщІэ сыхьэтитІ кІуэдэ фІэкІа зэрырамытыр. Ар илъэс 13-кІа екІуэкІа хьэдагъэм и пэщІэдзэт...

ИгъащІэ псокІэ зэхуэпхьэса, узыхэпсэукІа мылъкум щыщу сыт къыздэпщтэнт? Ар фы дыдэу къагурыІуэрт къэкІуахэм: зыри кІуэдынутэкъым, псори кьыхуэнэнут дзэм. Ахэр зыми еплъакъым: лІыжьхэми, фызыжьхэми, сабийхэми. Уеблэмэ, зэщІакъуащ ныкъуэдыкъуэ хъуауэ фронтым къикІыжахэри. ЩІхьэкІэ кІыкІа унафэр ткІиІт: балъкъэр лъэпкъыр и лъахэм игъэкІыт! Зэман дэкІа иужь мис ар телъыджэ дыдэ къыпщохьу, арщхьэкІэ блэкІам захуагъэр щызэфІигъэувэжыр иужькІэщ.

Мис апхуэдэу тхыдэм хэуващ 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-р. «Студебеккер»-хэм лажьэ зимыІэ цІыхухэр Налшык гъущІ гъуэгу станцым ирашэлІащ икІи ирагуэшащ Іэщ зэрызэрашэ вагонхэм. Ахэр зытеуба гъуэгур жьихьэнмэт. ЯгъэІэпхъуэхэм ящІэртэкъым щІрашэжьари здашэри. Якъыбыхуэхэм къафэщыщІыт тенджиз Іуфэм яшэу псым щрагъэтхьэлэну. ЩІыІэмрэ мэжэщІалІагъэрэ я гъащІэр яхьащ цІыху минхэм. Ахэр кьыщцыхутащ Къыргызыым, Къэзахъстанымрэ Сыбырыпрэ я щІыпІэ пхыдзахэм. «Здрагъблагъахэр» зыкІи хуэхьэзыртэкъым абыхэм ЩІыщІэным. Пэжщ, хъыбар ирагъэщІат унагъуэ-унагъуэ щхьэхуэу зэбграшыну, арщхьэкІэ зауэ зэманыр зытехьэлъэ колхоз, совхоз унафэщІхэр, дауи, зыхуэйр нэхъ лэжьэфыну цІыхухэр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лей къэхъурт зыхуэзэфІэмыкІхэр, зи къару къимыгъэгугъэхэр.

Тхыдэм уриплъэжмэ, телъыджэ пщохьу нэгъуэщІи: сытыт цІыху щхьэхуэхэр мыхъуу, лъэпкъ псохэм я суд ящІэну властыр езыхулІар. Япэраду, мыбы политикэ и лъэныкъуэкІи, зауэм тещІыхьауи зы мыхьэнэ гуэри иІэтэкъым. Хэку зауэшхуэм СССР-р къэгъэзэж имыІэу зэрыщытекІуэнур белджылы дыдэ хъуат. ЕтІуанэраУэ, епцІыжакІуэхэр къызыхэмыкІа лъэпкъи дунейм зэи тетакъым икІи тетынутэкъым. ЕщанэраУэ, ягъэІэпэхъуа цІыхухэм зы хуитыныгъэ гуэри яІэтэкъым, цІыху къызэрыгуэкІым иІэн хуэйм елъытауэ. Ахэр зыхагуэша жылагъуэхэм къыддэкІ хъунутэкъым щІыпІэ комендантым и Іизынышэу. Пэжщ, сабийхэр щрагъаджэрт, ауэ абыхэм нэ лейкІэ къащепльырт.

Гугъу дыдэ ехьу балъкъэрхэм ирахьэкІащ лъэпкъыр лъэрыщІыкІ зыщІа илъэсхэр. АрщхьэкІэ, дэтхэнэ псыми, икІэм-икІэжьм, езым и жапІэр кьегъуэтыжь. КПСС-м и XX съездым (1956 гъэ) занщІэу щыжаІащ Сталин Иосиф и зэманым къэралым лей куэд зэрыщІэзрахьар. Абыхэм ящыщу къальытащ щэшэнхэр, ингушэр, балъкъэрхэр, къэрэшейхэр, къалмыкъэрэ я лъахэм зэрырагъэкІар. 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым ящыщ къыдигъэкІащ Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкІыным теухуауэ. Ди къуэш балъкъэрхэр хуит зэхуэщІ езыхэм я хэкум къагъэзэжьыну. Дауи, илъэс 13-кІэ узэрымыса уи лъапсэкъэр зэфІэбгъэувэжыну тынштэкъым. Мыбдежым балъкъэрхэм хуабжьу къадэІэпыкъуащ адыгэхэр, урысхэр, ди республикэм щыпсэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщхэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэрай комиссэм и зэІущІэ

Республикэм и Премьер-министр Мусуков А.ТІ. Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэ.

АБы ХЭТАЩ Іуэхур нэхъ зэгъэщІылІа министерствэхэм, ведомствэхэм, промышленнэ Іуэхущ Іапэ нэхъ инхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Иджыпсту республикэм щызэтеува щытыкІэм, 2016 гъэм республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэхъ Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ доклад ищІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Б.М**.

НэгъуэщІ къэралхэм къыщащхьэхуэм ялэхъун продукцэ къыщІэзыгъэкІхэмрэ сырьем химыбыдэ продукцэ адрей къэралхэм щызыщхэмрэ защІигъэкъуэныжьмкІэ, ди щІналъэм къыщалэжь продукцэр пхыгъэкІыжьмкІэ, лэжьапІэншагъэр щыгъэІэнныжьмкІэ, цІыху гуп щхьэхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ е абыхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ, республикэм исхэр хущхъуэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыр ГъэтэмэмэныжьмкІэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэмкІи яубзыхуауэ щыта кьалэнхэр гъэзэщІа хъуащ, къыхигъэщхьэхукІащ Рахаев Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыпсту къэрал программэу 17-м хэтщ, абыхэм ящыщу 9-р федеральнэ программэ хэкъэрщ. Ахэр гъэзэщІэным тралъхьэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ доклад ищІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Б.М**.

НэгъуэщІ къэралхэм къыщащхьэхуэм ящыщу къэралхэм щызыщхэмрэ защІигъэкъуэныжьмкІэ, ди щІналъэм къыщалэжь продукцэр пхыгъэкІыжьмкІэ, лэжьапІэншагъэр щыгъэІэнныжьмкІэ, цІыху гуп щхьэхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ е абыхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ, республикэм исхэр хущхъуэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыр ГъэтэмэмэныжьмкІэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэмкІи яубзыхуауэ щыта кьалэнхэр гъэзэщІа хъуащ, къыхигъэщхьэхукІащ Рахаев Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыпсту къэрал программэу 17-м хэтщ, абыхэм ящыщу 9-р федеральнэ программэ хэкъэрщ. Ахэр гъэзэщІэным тралъхьэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ доклад ищІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Б.М**.

Докладым къыхэща Іуэху щхьэхуэхэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэпсэльащ КЪБР-м промышленностымрэ сатымкІэ и министр **Гуэбэшы З. А.**, КЪБР-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министр **Расторгуевэ С. А.**, КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев А. И.**, «Урысейм и щІэныгъэхэр» жьвалІэгъуэ зэгурыІуэныгъэм и щІналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Къыльшыкъуэ А. И.**, «КЪБР-м и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» лэжьапІэ зытхэм я щІналъэ къудамэм и унафэщІ **Хьэжу Б. Щ.** сымэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэпсэхэм ящыщ ирокІэ я абыхэм къащтащ зыхэсфащэ унафэм и проектыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

ПсэупІэкІэ къащыгуэгъэм ядэІэпыкъунущ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэІущІэр гъатхэпэм и 2-м иригъэкІуэкІащ.

ЗэІущІэм къыщащта унафэхэм ящыщщ республикэм щыпсэу ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэм ящыщу зи псэупІэр ирагъэфІэкІуэным хуэныкъуэу 2005 гъэм щышылэм и 1 пщІондэ зезыгъэтхауэ щытахэр гъэбелджылыным теухуар. КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэхэмкіэ, гъэузгухэмкІэ и министр **Къуныжь Вячеслав** зэрыжиІамкІэ, 2017 гъэм ирихьэлІэу апхуэдэхэм я бжыгъэр цІыху 530-рэ хъуащ. «Мы зэманым иужь дитщ 1987 гъэм щегъэжьауэ, тхузэфІэкІыхэмэ, 1993 гъэ пщІондэ кьызэщІэдубыдэу чэзуи хэтхэм дадэІэпыкъуну», - къыхигъэщащ министрым.

А Іэхум 2017 гъэм сом мелуан 12-м щІигъу хухахыну я мурадщ, абы кьызэщІиубыдэнущ псэупІэ хэзныкъуэ цІыху 24-рэ.

КЪБР-м Лажьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** жиІащ щыпсэу унэхэр зэрызэрагъэпэщыжьым халъхьа я ахъшэм щыщу хуапшыныжьын хуейуэ ягъэбелджыла цІыхухэм папщІэ 2017 гъэм федеральнэ ахъшэу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 4-рэ мин 880-рэ къызэрыратынур. Апхуэдэ зэгурыІуэныгъэр зэращІылІэ КЪБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Лажьыгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ и министерствэмрэ.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министерствэм игъэхьэзыращ къуажэжэм дэс сабийхэр школым зэрырашэлІэну автобусхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыну Іуэхугъуэм теухуа унафэм и проектыр. КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Султан** хъыкиргъащІ мы зэманым апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр автобус 94-м къызэрызэрагъэпэщыр, абыхэм я бжыгъэр 130-м нагъэсыну зэрамурадыр. «ЗэрытщІащи, хабзэщІэ яубзыхуамкІэ, 2016 гъэм бадзэуэгъэуи и 1-м щегъэжьауэ дыхуитхъым илъэсипщІым щІигъуэу лажьэ автобусхэмкІэ сабийхэр къетшэкІыну. Абы къыхэкІыу 2019 гъэ пщІондэ зэтхъуэкІын хуейщ апхуэдэ автобусхэр», - жиІащ Геккиевым.

КЪБР-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министр **Расторгуевэ Светланэ** жиІащ «КЪБР-м Узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и Іэнатіэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткІэ республикэм федеральнэ ахъшэ къызэрыхуитУыпщыр. «Къэрал программэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым лажьыгъэ пыухыкІахэр щыдогъэкІуэкІ. Абыхэм ящыщщ жьэн узыр, СПИД-р, гепатитыр, нэгъуэщІ узыфэ хьэлъэхэри къызэрахутэ, ахэр зэрагъэхъуж Іэмэпсымэхэр къэщэхуныр. А Іуэхум текІуэдэнущ сом мелуан 16-рэ мин 782-рэ. Абы щыщу сом мелуан 15-рэ мин 440-р федеральнэ ахъшэу», - жиІащ Расторгуевэ Светланэ.

ЗэІущІэм щагъэбелджылащ Октябрь революцэр илъэси 100 мы гъэм зэрырикъумрэ Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь Калашников Михаил къызэралъхурэ апхуэдэ дыдэ зэрыхъумрэ республикэм зэрыщагъэльэпІэнрэ къыщызэгъэпэщыну комитетхэм хэтынухэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Республикэм исхэр сакъыну къыхураджэ

ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Террорым пэщІэтыныгкІэ лъэпкъ комитетым КЪБР-м щыІэ и Оперативнэ штабым республикэм исхэр къыхуреджэ терроризмэм зыщыхьэумэныгкІэ хабзэхэр ягъэзэщІэну.

ЗЫЩЫВМЫГЪЭГЪУПЩЭ: терроризмэм и щІэпхьаджагъэхэр къэмыгъэхъуныжьмкІэ хэкІыпІэ нэхъ тэмэм дыдэр - цІыхухэм я сакъыныгъэрщ.

ПщІэ зыхуэтщІ адэ-анэхэ! ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм щыхэфщэкІэ, фи сабийхэм ягурыгъаІуэ уэрамым, пщІантІэм, унэ щІыхьэпІэхэм къыщагъуэта дэтхэнэ зы хьэпшыпми уеІуэсну зэрышынагъуэр. КъыззырыгуэкІ хъуржьиныр, тхылъыпІэ пхъуантэр, къинэмыщІ зэкІуэцІыпхэр террористхэм къагъэсэбэпынкІэ хъунущ лагъым ІэрыщІхэр ягъэпщкІун папщІэ.

Шэч гуэр фэзыгъэщІ къэпшыпІ фрихьэлІамэ, гулъытэншэу фыблэмыкІ, ауэ абы фемыуЗэ, зэтеймых, зэкІуэцІывмых, сыту жыпІэмэ апхуэдэу къагъэна сыт хуэдэ хьэпшыпми лагъымхэр кІуэцІыпхьанкІэ хъунущ.

Гурыщхъуэ фэзыгъэщІ сыт хуэдэ Іуэхуми, цІыху щхьэхуэми я теуухуауэ хабзэхьэмрэ органбэпынкІэ хъунущ лагъым ІэрыщІхэр ягъэпщкІун папщІэ.

Шэч гуэр фэзыгъэщІ къэпшыпІ фрихьэлІамэ, гулъытэншэу фыблэмыкІ, ауэ абы фемыуЗэ, зэтеймых, зэкІуэцІывмых, сыту жыпІэмэ апхуэдэу къагъэна сыт хуэдэ хьэпшыпми лагъымхэр кІуэцІыпхьанкІэ хъунущ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм - **48-15-81**;

КЪБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10, 49-50-62**;

УФ-м Следствиемкіэ и комите-тым Следствиемкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэм - **77-64-22**;

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм - **39-99-99**;

КЪБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. балъкъэр лъэпкъым, республикэм ис псоми ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Гъатхэпэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкІэ гуэзвэгъуэм и ныбжьыр телъщ. Илъэс блыщІрэ щырэ ялэкІэ а зэманым тепщэнигъэр зыІыгъа гупым я хабзэншагъэм кьыхэкІыу балъкъэр лъэпкъыр я щІналъэм залымыгъэкІэ ирагъэкІауэ щытащ. Республикэм ис псори хэщІныныгъэхэм иронэщхьэй икІи политикэ щхьэусыгъуэкІэ ягъэкІуэдахэм я фэепльыр пщІэ хуащІу яхъумэ.

Илъэс пщыкІущкІэ хамэщым щателъа гуэзвэгъуэмрэ гугъуехьэмрэ балъкъэр лъэпкъыр кьиізэфІагъэщІакъым. Ахэр псоми кьелащ икІи щалъхуа щыІналъэм я цІыхугъэмрэ зэхэщІыкІымрэ яхъумауэ къагъэзэжри, гъащІэщІэ зыухуэхэм яхэувэжащ. БлэкІа илъэс хыщІым кьриубыдэу абыхэм экономикэм, социальнэ Іэнатіэм, щэнхабзэм зегъэужьыныжьмкІэ ехъулІэныгъэ инхэр кьахьащ.

ЛІэщІыгъуэ Іэджэ хьуауэ ди лъэпкъэр ныбжьэгъугъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ яку ильу зэдопсэу, гуфІэгъуэри, гуауэри, ехъулІэныгъэхэри, гугъуехьэхри зэдагъэщу. Шэч кьытесхьэркъым апхуэдэу быдэу дызэхъуэту сыт хуэдэ гугъуехьри кьызэрызэауэ зыхуэдгъэувыжа мурад псори зэрызэдгъэхьулІэнум.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэрай комиссэм и зэІущІэ

Республикэм и Премьер-министр Мусуков А.ТІ. Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэ.

АБы ХЭТАЩ Іуэхур нэхъ зэгъэщІылІа министерствэхэм, ведомствэхэм, промышленнэ Іуэхущ Іапэ нэхъ инхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Иджыпсту республикэм щызэтеува щытыкІэм, 2016 гъэм республикэм экономикэ зыужьыныгъэ зэкІэлъыкІуэрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэхъ Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ доклад ищІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Б.М**.

НэгъуэщІ къэралхэм къыщащхьэхуэм ящыщу къэралхэм щызыщхэмрэ защІигъэкъуэныжьмкІэ, ди щІналъэм къыщалэжь продукцэр пхыгъэкІыжьмкІэ, лэжьапІэншагъэр щыгъэІэнныжьмкІэ, цІыху гуп щхьэхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ е абыхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ, республикэм исхэр хущхъуэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыр ГъэтэмэмэныжьмкІэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэмкІи яубзыхуауэ щыта кьалэнхэр гъэзэщІа хъуащ, къыхигъэщхьэхукІащ Рахаев Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыпсту къэрал программэу 17-м хэтщ, абыхэм ящыщу 9-р федеральнэ программэ хэкъэрщ. Ахэр гъэзэщІэным тралъхьэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ доклад ищІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Б.М**.

Докладым къыхэща Іуэху щхьэхуэхэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэпсэльащ КЪБР-м промышленностымрэ сатымкІэ и министр **Гуэбэшы З. А.**, КЪБР-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министр **Расторгуевэ С. А.**, КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев А. И.**, «Урысейм и щІэныгъэхэр» жьвалІэгъуэ зэгурыІуэныгъэм и щІналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Къыльшыкъуэ А. И.**, «КЪБР-м и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» лэжьапІэ зытхэм я щІналъэ къудамэм и унафэщІ **Хьэжу Б. Щ.** сымэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэпсэхэм ящыщ ирокІэ я абыхэм къащтащ зыхэсфащэ унафэм и проектыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Уардэунэми щІэсыгъуафІэкъым

Бразилием и президент Темер Мишел махуэ 12 кьудейщ зэрыщІэсыфар а къэралым и унафэщІым хухах хабзэ Алворадэ уардэунэм.

Абы щыпсэун идэркъым, ар иныІуэу, игуми зыщІимыгъэпсэхуу кьелъытэри. Уардэунэр езым зэрыжиІа дыдэм хуэдэу зэрыхуэзэрагъэпэщыжами къикІа щыІэкъым. Езым нэхъ кьищтэр Жабуру уардэунэрщ икІи мыгувэу абы Іэпхъэунущ и щхьэгъэгъусэр щыгъуэу.

«Хьэжмурат» фильм трахынущ

Урысей режиссёр Дубровицкий Вадим яужь ихьащ Толстой Лев и «Хьэжмурат» повестыр зи лъабжьэ фильм техыным.

А тхыгъэ цІэрыІуэм кьыткъащыкІри фильм мыззымытІэу щытрахащ Германиеми, Италиеми, Югославиеми, Тыркуми, нэгъуэщІ къралхэми. Повестым и сюжетыр яфІэгъэщІэгъэну, а лэжьыгъэм зрапщытауэ щытащ СССР-м щыщ режиссёр зыбжанэми, ауэ ар и кІэм нагъэсыну Іэмал ягъуэтакъым.

Езы фильмым нэхъ хэкъуэзауэ елэжьын щыщІадзэнур мы илъэсым и бжьыхьэращ, ауэ иджыпсту зэфІагъэхьэ абы пыщІа Іуэхуэхэр - щытрахыну щыпІэр яубзыху, абы щыджэгуну актёрхэр кьыхах.

«А тхыгъэм кино ди дежи иджыри къэс кьыщыщытрамыщыкІам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьыщІэкІынущ Кавказым теухуа Іуэхугъэ Урысейм ткІийуэ сыт щыгъуи зэрыщыщытар, - жаІэ фильмыр тезыхыну «Визориум» студием и лэжьакІуэхэм. - Апхуэдэу щытми, Толстойм и тхыгъэм зи гугъу щищІхэр нэгъэсауэ къызэрыдгъэлъэгъуэныжьым яужь дитынущ. Ди гугъэщ абы Кавказым щыщІ актёрхэр кьедгъэблэгъэну».



♦Албанием щагъэлъапІэ Егъэджакіуэм и махуэр

♦1573 гъэм Фёдоров Иван Львов кьалэм типографие къыщыдэзыгъэпэщащ.

♦1912 гъэм Норвегием щыщ зыплъыхьакІуэ Амундсен Руаль Ипщэ полюсыр къызэІуихащ.

♦1920 гъэм Сириеми и лъэпкъ конгрессым унафэ къыщтащ я къэралыр зэрыщхьэхуитым, ар зыми и бжьым зэрыщІэмытым теухуауэ.

♦1943 гъэм Сталин Иосиф Совет Союзым и Маршал цІэр фІащащ.

♦1944 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ къэрал комитетым и УнафэщІ Сталин Иосиф Молотовым и цІэкІэ щыІэ колхозым и парт организацэм и секретарь Къашыргъэ Хьэпащіэ фІыщІэ къыхэкІыщІат Дзэ ПІыжьым зэрызыщІагъэхуэам папщІэ.

♦1960 гъэм Куба щыщ жэмыш Пащты Салимэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэр ящыфащащ.

♦1960 гъэм СССР-м къыщыдэзрагъэпэщащ космонавтхэм я ятІэ гупыр. Абы хахъэхьат дзэм къулыкъу щызыщІэ кьхъухьлъатэзехуэ нэхъ Іэзэхэм ящыщу цІыху 20.

♦1967 гъэм КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м унафэ щащтащ къэралым и цІыхухэу Іэнатіэ Іутхэр маухуитхкІэ лажьэрэ махуиткІэ загъэпсэхуу щыІэнэу.

♦Адыгей тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Жанэ Кърымызэ**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Удын гууэр мэгъущри, псалъэ гуауэр гъущыжкъым.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр маухуэм градуси 6 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысейм зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилхьаам иту депутатхэм я кандидату ятха Iэщым Сергей Владимир и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм мазаем и 14-м Налшык къалэ №5/1-6

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилхьаам иту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату хаха Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къыззрагъэувыIам къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къаща Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 5-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къиргъэлъэгъуэм хэту депутатхэм я кандидату ятха Iэщым Сергей Владимир и къуэм (№108).

2. Мы унафэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1аIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Iэщым Сергей Владимир и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм мазаем и 14-м Налшык къалэ №5/2-6

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилхьаам иту депутатхэм я кандидату ятха Iэщым Сергей Владимир и къуэм етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2017 гъэм мазаем и 14-м къыща унафэ №5/1-6-м ипкъ иткIи, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къаща Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Iэщым Сергей Владимир и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам етын зэрыхахамкIэ удостоверенэ.

2. Мы унафэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1аIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Диным теухуа дерсхэр

● КъБКъУ

«Дуней псом щыIэрахьэ динхэм я тхыдэм теухуауэ» зыфIаща проектыщIэ КъБКъУ-м щрагъэжьащ. Лъэпкъэр щыIэныгъэкъуэкъу, дин щхьэкIэ щыIэпэщIэувэ къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ еджапIэ нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм хьихьэ лекцэ итащ КъБКъУ-м Тхыдэмкlэ, филологиемрэ СМИ-мкlэ и институтым Урысейм и тхыдэмкlэ и кафедрэм и доцент Коновалов Андрей.

«МЫ ПРОЕКТЫМ и къалэн нэхъыщхьэр, динхэм я мыхьэнэм, я купщIэм ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ тщIыкIэрэ, ахэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ящытхъумэнырщ», - жиIащ университетым щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Лу Азэмэт.

Лекцэ зэIухам кърихьэлIат КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Iуэхуэмкlэ и проректор Къумыкъу Iуэес, Тхыдэмкlэ, филологиемрэ СМИ-мкlэ институтым и директор Тэмазэ Мусылим, еджапIэ нэхъыщхьэм и кафедрэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, студент зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр. Зэхуэсым кърихьэлIахэм Коноваловым зэпкърыхауэ яжриаIащ еджапIэ нэхъыщхьэм къызэрыкIуэ институтхэм, факультетхэм, колледжхэм проектым хьихьэу щрагъэкIуэкIыным лекцэхэр зытеухуауэ щытыпхуэр. Нэхъыбэ дыдэу цIыхухэм дунейм щызэрахьэ динищым - исльамым, чыристаным, буддизмэм - я лъабжьэхэм, я мыхьэнэм, яIэ унэтIыныгъэхэм, абыхэм ящыщ дэтхэнэми цIыхухэр фIым къызэрыхуражьэм къытеуавыIащ Коноваловым.

Къумыкъу Iуэес къыщыпсалъэм къыхигъэщащ проектыщIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи еджапIэ нэхъыщхьэм и къудамэхэм я унафэщIхэр къыхуриджащ я нэIэ щIэт Iэнатlэхэм а лэжьыгъэр тэмэму щекIуэкIын папщIэ сыт и лъэныкъуэкIи сэбап хъуну.

«Егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабэзм я гъэнгущыт ди еджапIэ нэхъыщхьэм нэгъуэщI къалэн куэди и пщэ къыдохуэ щIэблэр дунейм къыщекIуэкI дахагъэм хуэгъэушыныкIэ, мыхъумыщIагъэхэм япэIэщIэ щIынымкIэ. Абы къыхэкIыу икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ди еджакIуэхэм ящыщу нэхъыбэ а лекцэхэм едэIуэным», - къыхигъэщхьэхукIащ Къумыкъу Iуэес.

КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьуэкlуэн Мурат зэIущIэм щыжиIащ дунейпсо динхэм къадэкIуэу, лъэпкъ щхьэхуэхэм зэрахьэ динхэм ятеухуа лекцэхэри щIэблэм ятынри икъукIэ щхьэпэ зэрыхъунур. НагъуэщI жэрдэмэхэри къыщыхальхьэри абыхэми щытепсэлъыхьащ зэхуэсым.

Ялп - ещанэ курсхэм диным теухуа лекцэхэр мазищкIи щрагъэкIуэкIынущ КъБКъУ-м Тхыдэмкlэ, филологиемрэ СМИ-мкlэ и институтым и егъэджакIуэхэмрэ аспирантхэмрэ. Проектыр иуха нэужь студентхэмрэ дин лэжьакIуэхэмрэ я зэIущIэ къыззрагъэпэщыну я муращ.

ДОЛ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ.



● Щэджэм щIыналъэ

Гугъуехьхэми иращIыкIакъым

ЦIыхум хуащI пщIэр къыззрилэжьыр абы бгъэдэлъ мылъкумкIэкъым, атIэ и Iуэхущ1афэхэрщ, и дуней тетыкIэрщ, гъащIэмрэ щIыхугъэмрэ яхуиIэ щытыкIэ щхьэхуэрщ. Быкъыш Мухьэрбий здынэса илъэс бжыгъэм и льагапIэм тету зыкъиплъыхьмэ, илэжьа Iуэхуэхэм, зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм еплъыжьмэ, жиIэ хъунущ зэрынасыпыфIэр.

ТЭРЧ РАЙОНЫМ хыхьБотэщей къуажэм 1938 гъэм къыщалъхуа щIалэм а зэманым къэралым илъа гугъуехьхэм я фэбжь къытемынэу къэнаркъым. Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хиубыда дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми хуэдэу, гугъуехь Iэджэ илъэгъуащ абы: фIанэр Iэщ1ельу хади илпIащ, пхъэIэщи игъэкъэбзащ, колхозми и гуащIэ хилъхьащ зэрыхуэзэфIэкIкIэ, шоферэ Iэщ1агъэ зригъэгъуэтри, и узынщагъэм хыхьхьуэкIи лэжьыгъэ Iэнатlэ пэрытащ.

Мухьэрбий и адэ Рэстэм зауэм дэкIри, и лъэужьыр ямыщIэу зэкIуэдащ. Пасэрейм зэрыжиIащи: «Зыр лIэ щхьэкIэ адрейм зилIэжьыркъым». Къэнар псэун хуейти, зи щхьэгъусэр зыщхьэщымытыкъ Камисэ (Мухьэрбий и анэр) и бгыр щIикъуэзри и къуитIыр зыхуей хуигъазэу, аи дани яхуэхъуу иIащ. Зауэ гущIэгъуншэм фызабэу къигъэна бзыльхугъэ минкэм хуэдэу, абы лъэкI псори ищIащ, и бынхэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хигъэувэн папщIэ. ЖэщI-махуэ имыIэу ар итащ колхоз губгъуэм, къыгралъхьэр и хьэлъэу, къыхуягъэувыр и кьалэну. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэ зэманыр унагъуэмрэ сабийхэмрэ ятригъэкIуэдэну иIэр, итIани абы хуэзфIэкIащ анэ гулыытэрэ гуапагъэрэ щымыщIэу ахэр игъэпсэун, гугъуехьым щымыщынэу, еш ямыщIэу, хабзэ яхэлъу къигъэтэджу унагъуэу игъэтIысыжын.

Мухьэрбий и гукъэкIыжхэм къыззрыхэщыжымкIэ, ахэр адрей унагъэхэм ефIэкIыу псэуащ. Я адэшхуэм иухуауэ пэшилбл хъууэ унэшхуэ иIэти, абыхэм ящыщ фэтэру ятырти, сом гуэр къыщIахьрт. Ауэ а зым щыгугъыу щымысхуэ я анэм жьыуэ къыгъэтэджмрэ губгъуэм здишэрт, (абы щыгъуэм Мухьэрбий пхъэIэщэтхъунщIу лажьэрт) гугъуехьым щымышынэу, лэжьыгъэм къыпамыкIуху игъасэрт. Махуэ псом губгъуэм итa Камисэ жэщми зигъэпсэхуртэкъым, нэхущ хъуху арджэн, джэдыгу, упщIэльей ищIу щыщыс мымащIэрэ къыхуихуэрт, абыхэми уасэ гуэр къапэкIуэрт.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Мухьэрбий псыр Iузыщ1эхэм яхэту колхозым щылажьащ. А Iэнатlэм зэрыпэрытым хуэдэурт шоферу еджащ. Иужьк1э и лэжьыгъэр фIыуэ зригъэзащIэм, и пщэ къыдалъхьэ псори тэмэму зэрызэфIихьым папщIэ, ар гупым я бригадир ящIри и лэжьыгъэмкIэ цIэрыIуэу, и нэIэ щIэтхэр псом япэ ищу лэжьащ. Араща абы 1976 гъэм, Тэрч кьалэр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Коммунистическэ лэжьыгъэм и бригадир нэхъыбэ» щIэр къыщыфIащри.

Иужьк1э, Бозийхэ япхъу Иринэ псэуэгъу ищIа нэужь, ахэр Сыбрым лэжьакIуэ кIуащ. Абы Быкъыншыр тыкуэным ерыскъы ишэу шоферу щылэжьащ, фэтэри къыщратащ. Гугъу зригъэхьу, и кьалэнхэр нэсу игъэзащIэу зэрыщытам и щыхьэтщ абы мазищ фIэкIа мылажьауэ щытхъу тхьилъ къыззрыхуагъэфащар.

Илъэсищ1э фIэкIа щамыгъэIэу я Iыхьлыхэм абы къраушьа нэужь, Мухьэрбий «Къэббалъкъводстрой»-м хозрасчетэм бригадиру ври, 1981 гъэ хъухукIэ а Iэнатlэм пэрытащ. Иужьк1э Ставрополь щIыналъэм и ухуакIэ бригадэкэм ящыщ зым и узынщагъэм сэкъат игъэтIысу щылэжьащ.

ГъащIэм, жылагъуэ Iуэхуэхэм жыдэжру хэт цIыху щыпкъэм и IэхуэщIафэхэм хуэфащэ пщIэрэ гулыытэрэ имыгъэуэтри къэнакъым. Мухьэрбий къыфIащащ «Пажьыгъэм и ветеран» цIэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, «Къэббалъкъводстройм» и профсоюзым, нэгъуэщI куэдми къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр къыхуагъэфащащ. Къыхуагъэфащэ дэтхэнэ дамыгъэри, тхьилъ лъапIэри и лэжьыгъэ купщIафIэм къыпэкIуащ икIи апхуэдэ къэрал, жылагъуэ гулыытэ инкэр хуэфащэ щыгъуэ быкъышым.

Сыт щыгъуэ Iэнатlэ гуэр пэрыту еса цIыхур, хуэзфIэкIыхьхэмэ, Iэхуншэу унэм зэрыщIэмысысфынур хэти ещIэ. Мухьэрбий и узынщагъэкIэ лэжьыгъэм пэмылъэщыж хъууэ тIысыжа нэужьи Iэхуншэ зищIакъым. Ар жыджэру хэтащ жылагъуэ Iуэхуэхэм. Джылахъстэней Адыгэ Хасэ къыщыззэзыгъэпэщахэм, абы и лэжьыгъэр зыгъэзыгъэтхэм яцIыщIщ.

ГъащIэ гъэзугъанэ купщIафIэ къикIуащ Быкъыш Мухьэрбий. ЗыхэпсэукIа зэманым пыщIауэ щыта гугъуехь псом щыщи игъэващ абы. Ауэ абыхэм ар иращIыкIакъым, атIэ гъащIэм хуеIэ, ар езыгъэфIэкIуэну щIэхъуэпс цIыху къыхащIыкIащ.

ЗэгурыIуэрэзэдэIуэжу зэдэпсэу Мухьэрбийрэ Иринэрэ бынипл1 зэдагъэтащ - Бэллэ, Валерэ, Анжелэ, Аллэ. Дэтхэнэми Iэщ1агъэ зырыз ирагъэгъуэтри, унагъуэу игъэтIысыжащ. Иджы я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм ящыгуфIыкIыу мэпсэу.

Гугъуехьхэм ятекIуэфа Быкъыш Мухьэрбий узынщагъэ быдэ иIэну, илъэс куэд къигъэщIэну дохьуэхъу.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Шэджэм щIыналъэ

МардэщIэхэм тету мэлажьэ

Шэджэм дэт абдж заводым къыщIигъэкIэм къахохьуэ.

ЗЫХУЕЙ псомкIи къыззгъэпэща цеххэм зы илъэсым къриубыдэу абдж птулъкIэ мелуани 100-м нэблагъэ къыщIагъэкI. Абджыр щагъавэ хьэкум къаруушхуэ иIэщ - зы жэщмахуэм абы абдж ткIуаткIуэу тонн 240-рэ щагъэхьэзыр.

Абджыр фIэIугъэм, ерыскъыхэкIым елэжь, минеральнэ псыхэр изыгъахъуэ Iуэхущ1аIэхэр зыхуэзныкъуэщIи, щIэупщIэ иIэщ. Ахэр зыхуейм хуэдэ дыдэ ящI европей IэмэпсымэфIэкIэ зэраIэм и фIыгъэкIэ.

Заводым и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ дерсхэр щIэх-щIэхыурэ къыззрагъэпэщ, абдж промышленностым зэрызиужьым ди Iэщ1агъэлIкIэр щагъэгъуэзэн, Iэмалыщ1у къэунэхуэр абыхэм къахуэгъэсэбэпын папщIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мэкъумэшыщ1эхэр бэлэрыгъыркъым

● Аруан щIыналъэ

Старэ Шэрэджым губгъуэ лэжьыгъэхэм зыхуегъэхьэзыр.

КъУАЖЭМ къегъэщIылIа щIы гектар мини 3-м нэблагъэм щыщу мини 2-м щIигъур гъавэ щIапIэщ икIи ар кьанэ щыщIыIэу гъатхэ сэным хуагъэхьэзыращ.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Мырэз Хьэчим дыззрыщигъэгъуэзамкIэ, иджыпсту жылагъуэдзс 810-рэ щIым толажьэкIыс. Къищынэмыщ1ауэ, ерыскъыхэкIым елэжь Iуэхущ1апIэ цIыкIуу Старэ Шэрэджым 11 дэтщ, абыхэмрэ мэкъумэш-фермер Iэнатlэ мыинхэмрэ цIыхуи 120-м щIигъу щолажьэ.

Нэгъабэ мы жылэм и хозяйствэхэм мэкъумэшхэкIыу сом меларни 174-рэ мин 550-рэ и уасэ къыщIагъэкIащ, Iэщ гъэхъуным елэжьхэм сом меларни 11.

ПсыгъэкIэ зигъэщIащуэ гъэ щIэкIа щIым мэкъумэшыщIэхэр гъавэ бэвкIэ щогугъ. Мэкъумэшыщ1эхэм мы гъэми нартыхум нэхъ трагъэщIэну я мурадщ. Нэгъабэ мыбы гектар 2271-рэ къыщрахьэлIэжащ, зы гектарым центнер 75-рэ хуэзэу. Ар мащIэкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Нэгъуэщ1 щIыпIэхэм къыщагъэкIхэм япохьу



● Щ1эныгъэ конференцэр

«Мэкъумэш щIэныгъэмрэ Урысей Федерацэм и мэкъумэш Iэнатlэм къыпащыт къалэнхэмрэ». Араш зытеухуауэ щытар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым экономикмкIэ и институтым щекIуэкIа щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхъ Тимуррэ КъБКъМУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректор Щыхьмырзэ Мухьэмэдрэ.

ЭКОНОМИКЭМКIЭ институтым и унафэщI Пщыхьэщ1э Сэфарбий Урысей щIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къыхалъхьа конференцыр къызэIуиха нэужь, Щыхьмырзэ Мухьэмэд къигъэлъэгъащ пхъэщхьэмыщхьэр, хадзэкIэхэмрэ жьымейкэмрэ къэгъэкIныныкIэ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкIэхэмрэ елэжьныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэфIэкI хъарзынэ къыззригъэлъагъуэр, нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашу щыта ерыскъыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къеХьэлIэныкIэ бжьыпэр зыIыгъ щIыналъэ тIощIым республикэр зэращыщыр. Проректорыр щхьэхуэу къытеуавыIащ щIым и къэгъэсэбэпыкIэм, бэджэнд зэхущытыкIэхэм хэль гугъуехьхэм, апхуэдэу мэкъумэш хозяйствэм и Iэнатlэ псоми зэуIуу икIи зэдэууэ заужьын папщIэ, ялп ягъэщIапхъэу къыльытэ Iуэхугъуэхэр игъэнэIуащ.

Пщыхьэщ1э Сэфарбий и докладыр триухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым къыпащыт къалэнхэмэ, гъавэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ мэкъумэш хозяйствэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытым. Абы къызэриIыптэмкIэ, мэкъумэшхэкIэр къезыхьэлIэ, зыхуей хуэзыгъаазэ, зыщэ Iэнатlэ псори кIэух нэгъэса зиIэ лэжьэкIэм хуэкIуап1эхэщ, нэгъуэщIхэм яйм ефIэкI продукцэкэр гъэхьэзырыным хущIэкъупхъэщ. Апхуэдэу биологие инновацэхэр я лъабжьэу, жылапхъэхэмрэ Iащым и селекцэхэмрэ елэжьын, спутник технологиехэр кьагъэсэбэпын, биоэнергетикэм зрагъэужьын, щIым и зехьэкIэ нэхъыфIхэм хуэкIуэн, щIыпIэхэр зыхуэдэр, абыхэм я щытыкIэр кьалъытэн зэрыхуейм я гугъу ищIащ.

Уэдыхъ Тимур къыхигъэщащ къэралым зэрызащIигъакъуэм и фIыгъэкIэ, иужьрей илъэсхэм предприятэ куэдым хъарзынэу зэрызажьэыр, мэкъумэш Iэнатlэр Урысейм и экономикэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращIыщым къыхэкIыу, дапэкIи мылъкукIэ зэрыдэIэпыкъунур.

- Мэкъумэш хозяйствэм и щытыкIэмкIэ жэуап псори зыхьыр министерствэр. Псори зэхэту гъавэхэкI нэхъыщхьэу тонн мин 208-м щIигъу зэщIакъуэжащ. Сэхурэну тонн мин 39,5-рэ къыщIалъэкIащ, хадзэкIэ тонн мин 432,7-рэ кърахьэлIэжащ. А бжыгъэхэр ипэ итA илъэсым зэрыхуам щIегъу. Мы гъэм бжьыхьэсэхэр гектар мин 62-м щызэрахьэнущ. Ар нэгъабэрэм елъытауэ процентэ 3-кIэ нэхъыбэщ. Илъэс куэдкIэ зыхъыныкIэ жыг хадзэкэр гектар мин 1,7-м щыхасащ, абыхэм ящыщу мин 1,6-р псынщIэу зызыужьэкэм хуэдэщ. 2015 гъэм гектар мини 2-м щIигъу ягъэтIысащ. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм мы Iэнатlэр деIыгъ. Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу тонн мини 135,2-рэ е 2015 гъэм елъытауэ процентэ 8-кIэ нэхъыбэ нэгъабэ кърахьэлIэжащ. Агрохимикмкlэ Iуэхущ1аIэм и Iэщ1агъэлIхэм ягъуэзу гъавэ щIапIэу гектар мини 108-м я щытыкIэр мэкъумэшыщ1эхэм къапщытащ. Щыгулымэм металл хьэлъэу хэпъыр министерствэм ильэс кьэс къэхутэ, агрохимие кIэльыплъыныгъэр тэмэму зэфIэкIа нэужь, зыхуей тхьилъхэр и чэзум къзэзытхэм субсидие яхуэхьдох.

Мы гъэм къыщытхэр нэхъ мащIэкъым: гъавэхэкIыу тонн мин 950-рэ, кIэртIофу тонн мин 250-рэ, хадзэкIэхэу тонн мин 410-рэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу тонн мини 137-рэ кьетхьэлIэну ди мурадщ. Ахэр зэдгъэхъулIэн папщIэ, хьэсэхэм щIыгъэпшэрхэмкIэ дегугъунущ, кьэкIыгъэхэр зэрахьэну Iэмал нэхъыфIхэр, жылапхъэ хэплъыхьахэр кьэдгъэсэбэпынущ, - къигъэлъэгъуащ Уэдыхъ Тимур.

Министрым и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным тещIыхьа къэрал программэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру хэтщ икIи абы тету сом меларди 2,4-рэ мы гъэм мэкъумэшыщ1эхэм хухахащ.

- ХадзэкэкIыу къэдлэжьым дяпэкIи хэдгъэхъуэну, 2020 гъэ пщIондэ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэкIыу кьетхьэлIэр тонн мелуаным нэдгъэсыну, пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 300-м нэблагъэ УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм хуедгъэшэну къытпэщытщ. ИтIанэ пхъэщхьэмыщхьэу къэралым кьишщхум и проценти 4,5-р, хадзэкIэхэм я процент 17,1-р е тонн мин 500-м нэсыр республикэм къызэригъэпэщынущ, - къыхигъащащ Уэдыхъ Тимур зэIущIэм хэтхэм я упщIэхэм жэуап щаритым.

Апхуэдэу ар къытеувыIащ мэкъумэшхэкIэр зэрахьэмэ щIыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щIыпIэ хэкIыпIэхэм. Абы и лъэныкъуэкIэ кьапэщыт кьалэнхэм ящыщу ерыскъыпхъэхэм щалэжьыну Iэнатlэщ1эхэр къыззIуихыныр, щIыIэкэр зэгъэпэщыжынырэ. Ар зрагъэхъулIэмэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу хадзэкIэ консерву илъэсым къыщIагъэкIыр банкI мелуан 350-м яхунэгъэсынущ. Пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 66-рэ зыщIэхуэну иджырей хъуманIэ 12 мы зэманым республикэм къыщагъэсэбэп. Тонн мин 21,4-рэ щызэрахьэну нэгъуэщI гъэтIылъыпIэу 9 нэгъабэ пьандэрэ яухуэ. Илъэсым помидорхэкIыу тонн мин 33,5-м щалэжьыну «Урысей Ипщэм и хадзэкIхэр» ООО консерв заводым и апэ чэзум мы гъэм яутIыпщащ. Къэралым апхуэдэ продукцэу нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщIащэхум и процент 30-р абы хуэгъэхъэзырынущ.

И псальэм и кIэухыу, Уэдыхъ Тимур къигъэлъэгъуащ псы здэкIуэ хьэсэхэм нэгъабэ гектар мини 10 къызэрыхагъэхъуар, кьыдэзыгъахуэ мэкъумэш технологиехэм тету, ахэр зэрагъэнэщIыр.

Абы жиIахэм дыщIагъужу, я Iуэху епIыкIэхэр зэIущIэм къыщIалуэтащ профессорхэу Къанщыкъуей Валерэрэ Тхьэкъуахъуэ Ахьмэдрэ.

БЭРБЭЧ Албэч,
Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Ухэдэну Iэмал къуат

● ФщIэн папщIэ

Хабзэкlэ зэрагъэбелджылащи, дэтхэнэ пенсионерри хуитщ пенсэр къызэрыIэрыхьэну щыкIэр къыхихыну - езым къыIихыну е унэм къыхуахьыну.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым пенсэхэр, нэгъуэщI социальнэ ахъшэхэр Iэрагъэхьэ мыхэр кьагъэсэбэпу: ●пощт зэпыщIэныгъэ Iуэхущ1апIэмкIэ - «Урысейм и пощт» ФГУП -м и къудамэ; ●«Центр почтовой доставки» ООО; ●кредит организацэ 12-р кьагъэсэбэпу: «Сбербанк России» ОАО, «Ханты-Мансийский банк «Открытие» ПАО, «Россельхозбанк» ОАО, «Прохладный» банк ООО, «Майский» банк ООО, «Связь-банк» АКБ ПАО, «Европейский стандарт» КБ ООО, «Нальчик» банк ООО, «Бум-Банк» ООО, «Московский индустриальный банк» ОАО, «Тексбанк» АКБ ЗАО, «Северный морской путь» банк ОАО.

Республикэм и пенсионерхэм ящыщу мини 105,5-м пенсэмрэ нэгъуэщI социальнэ ахъшэхэрэ яIэрэхъэ мыхэр кьагъэсэбэпу: ●пощт зэпыщIэныгъэ Iуэхущ1апIэмкIэ - «Урысейм и пощт» ФГУП -м и къудамэ; ●«Центр почтовой доставки» ООО; ●кредит организацэ 12-р кьагъэсэбэпу: «Сбербанк России» ОАО, «Ханты-Мансийский банк «Открытие» ПАО, «Россельхозбанк» мэмрэ зэгурыIуауэ ягъэув. А пIалъэм кьриубыдэу дэтхэнэ пенсионерми и пенсэр щыIэрыхьэну зэманыр яубгъэпшэрэ къэгъэкIыжынущ. Пенсэр щыхуахьам езы пенсионерыр унэм щIэмысамэ, ар иужькIи кьыIихыфынущ пенсэр щыхуахьпхъэ пIалъэм е нэгъуэщI зэманым кьриубыдэу.

Ахъшэр кредит Iуэхущ1апIэхэм я Iэмалкlэ кьеIыжыхьу Къэбэрдей-Балъкъэрым исщ 91, 1-рэ. Кредит организацэм пенсэ ахъшэр пенсионерым и банк счетым егъакIуэ мазэ хъэ ягъэува пIалъэм тету. Пенсионерым и счетым пенсэр кьыхихыфынущ езыр щыхуейм. Къыхэдгъэщынщи, ахъшэр пенсионерым и счетым зэрагъакIуэм щхьэкIэ банкхэм я Iыхьэ хагъэкIыр къым.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм республикэм щыпсэуахэм ягу къэгъэкIыж, пенсэр зэрыIэрыхьэну щыкIэр езы пенсионерым и жэрдэмкIэ сыт хуэдэ зэманми зэрахьэуэжыфынур.

Абы папщIэ пIэлъу тхьилъ щIэплъхьан хуейуэ зрагъэ Пенсэ фондым и щIыналъэ Iуэхущ1апIэм е МФЦ-м.

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

УсакIуэ Сонэ Абдулчэрим и дзапэ уэрэдыр

Сонэ Абдулчэрим. *1968 гъэ*

Сонэ Абдулчэрим Къадир и къуэр Бахьсэн щIынальэм щыщ Къулъкъужьи Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ 1942 гъэм мазаем и 28-м. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, 1961 - 1964 гъэхэм Налшык станкозаводым щылажьащ.

1965 - 1970 гъэхэм Абдулчэрим КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. 1970 - 1972 гъэхэм «СКЭП» заводым и социологыу, иужькIэ къэрал щэхухэр печатым мыгъэкIуэныжьмкIэ республиканскэ управленэм редактору, «Нарт» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу лажьащ. 2006 гъэм щегъэжьауэ 2012 гъэ пщIондэ «Нур» журналым и редакцэм и къудамэм и унафэщIщ.

Абдулчэрим усэ тхыным пасэу дихьэхащ. НэгъуэщI лъэпкъхэм я усакIуэшхуэхэм я Iэдакъэщ1кIэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ.

Сонэм и гуащIэ хилъхьащ школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зэхэлъхьэнми. Абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ 1 - 3-нэ классхэм математикэр зэрыщрагъэдж тхылъыр. Къищынэмыщ1ауэ, Сонэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ муслымэн диныи теухуа тхылъ, тхыгъэ зыбжанэ.

Лъэпкым, Хэкум, тхыдэм ятеухуа, сабийхэми балигъхэми яхуэгъэза усэ кузд Абдулчэрим и Iэдакъэ къыщIэкIащ. И усэ тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ: «Дзапэ уэрэд», «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр», «ЛыIэзэфIэхь зэман», «Iэгу-махуэ, Iэщ1-жэщ». ЦIэрыIуэ хъуащ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэу «Шагъдий», «Хьэблэ щIалэр доджэгу», «Налшык парк», «Къреунэху зы махуэ», нэгъуэщIхэри.

Очерк, публицистикэ тхыгъэхэр тхыними Сонэр хуэIэкIуэльакIуэщ. Ар Урысей Федерацэм и Журналистхэми и ТхакIуэхэми я зэгухэныгъэхэм хэтщ. «Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр 1998 гъэм къыфIащащ. Зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу Сонэ Абдулчэрим узыншагъэ быдэ иIэрэ и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ дигъэгуфIэу псэуну ди гуапэщ.

Къреунэху зы махуэ

● Щэнхабзэ

УсакIуэ, тхакIуэ, публицист, редактор, зэдзэкIакIуэ хьэлэмэт Сонэ Абдулчэрим и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуэр Бахьсэн къалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ. Гулъытэр я жэрдэмт Щэнхабзэмкlэ уардэунэм и лэжьакIуэхэм.

СОНЭМ къикIуа гъэсэгуанэм щыгъуазэ дэтхэнэми хужьIэнущ абы гъащIэ плыифэбэ, творчествэ кIыпIей зэриIэр. Лъэпкъ щэнхабзэм и дапхъэм Абдулчэрим и Iэдакъэщ1кI куэдым ущрихьэлIэнущ.

Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ дуней псом къыщацIыху усакIуэхэу Пушкин Александр, Есенин Сергей, Кулиев Къайсин сымэ я усэ кIыхьэхахэр, нэгъэщI куэди.

Абы и усэ 30-м нэблагъэм макъамэ щIалъхьащ ди уэрэдусхэм. Абыхэм ящыщщ цIыхубзым фIыуэ ялъэгъуэ «Шагъдий», «Хьэблэ щIалэр доджэгу», «Налшык парк», «Къреунэху зы махуэ» уэрэдхэр.

ТхакIуэм хуэгъэпса пшыхьыр Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI Бэч Мадинэ иригъэкIуэкIащ. Хьэндзэхъу Эльвирэ зи унафэщI «Джэгуакlуэ» цIыхубэ ансамблым, уэрэджьыкIуэ пажэхэу Азычэ Замир, Бещтокъуэ Артур сымэ я фIыгъэкIэ зэIущIэр дахэу, екIуу кIыхьэгъэпэща хъуащ.

Щэнхабзэмкlэ унэм и цIыхубэ театрым и артистхэу Iэхъуэбэч Марие, КъуэщIисокъуэ Елдар, Бахьсэн къалэ и щIалэгъуалэ Советым и унафэщI Бжэныкlэ Регинэ сымэ Сонэм и усэ кIыхьэхахэм кьеджащ.

Гуфlэгъуэ зэхьыхьэр джэгуакIэ зэхуащIыжащ.

ДЖЭДМЫШХ Лерэ.

★★★

Тхакlуэ куэд щыIэщ я тхылъ бжыгъэм ирипагэу, ар нэхъыбэху, нэхъыбэ яхуэзэфIэкIауэ, нэхъыбэ къайхъулIауэ ялъытэу. Сонэ Абдулчэрим абыхэм ящыщу пхужьIэнукъым. Ар и дэтхэнэ усэми куэд дыдэрэ хоплъэж, псалъэ къэс зэрегъэзэхуэ, зэрегъэкIу, игу нэмысуи зы макъ цIыкIу усэм къыхимынэу холжьхьых. Ешыми зэрыжиIащи: «Усэр ар макъамэ щабэу уи гум зэпымыууэ къыпилъадэрщ. Ар сыт щыгъуи дзапэ уэрэду уи бзэгупэм телъщ».

Лъэпкъым сыхуохъуапсэ

УСАКIУЭ цIэрыIуэ гуэрым зэрыжиIэгъащи, дэтхэнэ усэ сатырми гугъуехьищэр пыщIащ, ар гущIэм щызэпэща хъун щхьэкIэ, зытхым и фэм куэд докI. Апхуэдэущ Абдулчэрим и усэхэр дунейм къызэрытехьар - абы и дэтхэнэ псалъэри сатырри Iэджэрэ «щIиплъыкIауэ», и гущIэлъапсэм къыщIигъэвыкIыуэ щхьэж хуэфэщэж плъыфэрэ фащэкIи игъэпсауэщ. Абы и щапхъэщ Абдулчэрим и усыгъэхэм я нэхъыбапIэр.

Псалъэм зэрыхущытымрэ образыр зэрригъэпсымрэщ Сонэм зыми хэмыгъуащэ усакIуэ хъун щIыхьэзэфIэкIыр: ар езым и псалъэ, и хьэтI зиIэж усакIуэщ. И псалъэр жанрэ и гупсысэр куууэ. Псалъэр купщIэнIэщ, нэдщ, абы цIыхум и акъылыр зэхэзехуэн зыщI гупсысэ щIэмыльмэ. И усыгъэхэмкIэ зэрынэрылъагъущи, Сонэр абы сыт щыгъуи хуосакъ. Абдулчэрим псори зытригщIыхьыр езы усакIуэм и напэмрэ и цIыхугъэмрэщ - аркъуфейщ зыфIэлъыкIри дзыхэ къэзыщIри. Зыгуэрым и гуапэ ищIын е и гур игъэзэгъэн щхьэкIэ, дзэыдзых, лъэбакъуэ лей зыч, гублащхьэм дэсым дежьу усакIуэхэм ящыщкъым Сонэр. Езым фIэзаху эрыщ абы и усэмкIэ иУатэр - ар Iэфмы дыджми.

Дэтхэнэ усакIуэми иIэ хабзэщ зыми пимыщI, щIэх-щIэхьыгъ кIызыытригъэзэж, кьытригъэзэж пэтми гу зыщимыхуэ псалъэмакъ, нэгъэщIу жыпIэмэ - темэ. Гу зэрыльытэгъуафIэщи, Сонэ Абдулчэрим дежкIэ темэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ усакIуэм гурэ псэкIэ игъафIэ и лъахэр, лъэпкъ тхыдэр, гъащIэмрэ зэманымрэ. УсакIуэр иропагъ, и псэм къыбгъэдэкI псалъэ Iэфlкlэ егъэлъапIэ и лъэпкъ тхыдэр, зэи теплъэкъуэкIыркъым абы:

Си лъэпкъ тхыдэрщ си дзапэ уэрэдыр;
Илъэс мин зыбжанэм ар я макъщ.
Тхыдэ инхэр мы дунейм щыкуэдми,
Сыхуэхъуапсэ мыхъумэ,
СыблэхъуэпсыкIакъым сэ ди лъэпкъ.

Сабиигъуэ дахэ зэримыIари, гугъу зэрехьари, гъащIэм и нэщIэбжьэ зэрилъэгъуари игу ихуркъым Абдулчэрим, ауэ ар абы гу щыIэ-псы щIыIэ ищIакъым, гужьгъэжь цIыхухэм яхуищIын хуэдэу. УсакIуэм дунейр кьыдофIэрафIэ, щIылъэр кьыдощIэращIэ. ЦIыхухэрщи, Iэ щIыIум тесу кьрихьэкIынут, апхуэдизкIэ фIыуэ ельэгъури. Ем Iумыщ1а цIыхум фIыр зищIысыр ищIэркъым. НатIэкIэ жьэхэмыуауэ, имыгъэгузэауэ, и фэ дэмыкIауэ, псэзэпльъхьэпIэ ихуэу имыгъэунэхуауэ цIыхум зыхищIэркъым фIымрэ Iеймрэ, нэсуи пщIэ хуищIыфырыкъым гъащIэм и Iэфlагъым. ЖыгIаохэм я щIыхьэту мэуб мы усэ цIыкIур:

Шыбгъэ сыкърилъхьэу
симыгъэзджызджамэ,
Гъащ1эм и пхъашагъэр
пщIыхьыуи сымыщIэнт.
Пщащэм и нэбжьыцхэр
къыслъэмыIэсамэ,
Чэф хъуа псэм и хьэкъыр
сыткIэ зыхэсщIэнт?
Шыбгъэм сыкърилъхьэу
ажалыр мыджэгуамэ,
Гъыбзэ зыусахэр кIызгурымыIэунт.
Лъэпощхьэпо куэдыр кIызэмыгуэуамэ,
Фэм дэхуэну псори
сыткIэ сэ къэсщIэнт?
Гъатхэм и Iэфlагъкlэ псэм
зимыпсыхьамэ,
Ар дыджыгъэ залэм щIэхутэнт и лъэгу.
ПсэмкIэ Дыгъэр Псэщи,
ар къыпхуемыгъэпсамэ,
Мы дунейм утеткъым -
езыр тетщ уи щIыгу.

Уэрэдхэм щIэлъ псалъэхэр Абдулчэрим кьызэрехьлIэм и щыхьэтщ «Шагъдий» уэрэдыр. Ар къыщежьагъащIэм, и псалъэкIи, макъамэкIи, и темэкIи апхуэдизкIэ щIэщыгъуэ ящыхъуат цIыхухэми, зым жьэдэкIмэ, адрейм жьэдыхьэурэ, дзапэ уэрэду зэдыжьаIэрт, яIэщIэмыыхжауи нобэми жаIэ. Сыт-тIэ апхуэдэ гъащIэ кIыхь «Шагъдий» уэрэдым щIигъуэтар? Ялрэгъуэ, псалъэхэр зытха Сонэ Абдулчэримрэ абы макъамэ телъыджэ къыхуэзыгъуэта КIарэ Фолэрэ шыр фIыуэ ялъагъурти, аращ адыгэшым и образ уардэр уэрэду дунейм къыщIытрагъэхьэфар. ЕтIуанэрауэ, уэрэдым щIэлъ псалъэхэр гупсысэ лъэщкIэ псыхьауэ, уэрэд усыкIэм и хабзэ нэхъыфIу поэзием щIэзекIэм тету «ябзри ядащ».

УсакIуэм фIы дыдэу кьыгуроIуэ, ещIэ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ зэщIыгъуу лIащIыгъуэкIэрэ къыздэдакIуэ тхыдэ гъуэгуанэ гугъусыгъэр, а тIур щызэщIымыгъуа лъэхъэнэ зэрыщымыIар, адыгэшым и щIыхьэр дуней псом щигъэIун папщIэ, адыгэлIым лъэкIыу зыри къыздэримыгъэнар.

«Шагъдий» уэрэдыр дунейм къыздэрытехьа щIыкIэр зэзгъащIэмэ сфIэфIу усакIуэм сеупщIати, мыращ къызжиIар: «Фолэ (Ахърэт нэху Тхьэм курит) апэщIыкIэ хуэсхьауэ щыта усэр щууэй щIалэм теуэуат. Абы къыхэщ лирическэ лIыхъужьыр адыгэш дахэм ирибжьыфIэу, ирипагэу, фIыуэ ильэгъуа пщащэм гунэс зыщищIын щхьэкIэ, хэт и пыIэри кIихьыну хьэзыру, щIыгушхуэр зыхуриимыкIу щагъдийкIэ, хуей хьумэ, и гъэфIэныр кIрихьэжьэну апхуэдэт.

Куэд дэмыкIыу, а усэм Фолэ макъамэ хуитхащ икIи сриджэри сригъэдэIуащ. Пцы зыхэмылъыр аращи, макъамэм занщIэу сипхъэтат, си псэр уэгум ирихьат. Сыкъеплъыхьыжри - псалъэхэр хуэкIуэртэкъым, макъамэм нэгъуэщIт къыбжиIэр, узыхуигъэушыр, узригъэгупсысыр. «КъыбжиIэр» жыхуэсIэм фэрыщIагъ хэслъхьэрэкъым икIи къэзгупсысыркъым. Макъамэр езыр бзэщ, къыбгурыIуэу щыт закъуэмэ. Арати, унэм сыкъэкIуэжащ, сетIысылIэри макъамэм сызыхуигъэушар къыззрысфIэщIкIэ стхащ.

Адыгэш, адыгэ тхыдэ, адыгэ лъэпкъ - а Iэхъугъуэхэрат макъамэр зытегъэпсар, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ. Псалъэхэр зытезухуари арат. Усэм и вариантыщIэр Фолэ деж щысхьам, «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым хэт щIалэхэм нэхъапэкIэ схьар зрагъэщIауэ жаIэрт. Дауи, етIуанэ вариантыр нэхъ ягу ирихьащ, ауэ текстыщIэр зрагъэщIэжын хуейуэ кьахудэкIащ. Ауэрэ зы тхьэмахуэ-тхьэмахуитIи докI. Макъамэр си гум ильщ, усэ птхагъащIэр гукIэ пщIэж хабзэщи, ари щIызэпощIыкI. Арати, усэм нэмыщIыса гуэри, кьуабэбжьабагъэ гуэри иIэу шэч кьытызохьэж, сызыхуэмыварззыж мэхъу. Апхуэдэм деж псэм узэрихуэ хабзэщ. Си пIэм симызагъэу усэр зэрезгъэфIэкIуэнкIэ солэжьыж икIи нобэ зэрыт щыткIэм изогъэувэ.

Усэр нэгъэса хъуауэ къэслъытэжкIэ зэфIэкIрэт? Согупсыс: дауэ иджы модрей вариантыр гукIэ зэзыгъащIэу си репертуарым хэзыгъэхьауэ жызыIэ щIалэхэм зэражесIэну щыкIэр? Абыхэм сащыкIытэрт. Арщхьэкlэ - нэгъэщI Iэмал щыIэтэкъым. СельэIуащ къысхуагъэгъуну икIи яжесIащ макъамэ хьэлэмэтым хуэфэщэж текст щыIэну сызэрыхуейр, мы яужьу (ещанэу) къэсхьар апхуэдэу кьызэрыслъытэр. ЗралъфыхьамI, текстыр зэрефIэкIуар нэрылъагъути, кьабыл ящIащ икIи иужькIэахъыржэману ягъэIуу щIадзащ «Шагъдий» эрэдыр».

ЗэрыжаIэ хабзэщи, а зы уэрэдым фIэкIа имытхами, Сонэ Абдулчэрим и цIэр ди щэнхабзэм, литературэм кьызэрыхэнэнур щэчыныщт.

БАКЪ Зерэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Адыгэбзэм и пщIэр къэзыIэт

Дызэрыт зэман гугъум гу щIыIэ дищIа е еджэхэм нэхърэ зытхъэр нэхъыбэ хъуауэ дызэхэзэрыхьыжу ара, сытми куэдрэ къохъу усакIуэ нэсым и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъым хуэфащэ гулъытэ щимыгъуэт. Апхуэдэ гупсысэхэр си гум къагъэкIащ усакIуэ Сонэ Абдулчэрим «Iэгу-махуэ Iэщ1-жэщ» зыфIища и тхылъым аргуэру зэ набдзэгубдзапIъэу сыкъеджэжа нэужь.

КЪЭБЭРДЕЙ литературэм псэ хьэлэлу хуэлажьэ усакIуэщ Сонэ Абдулчэрим. Абы зыкъигъэльэгъуащ гъащIэм нэ жанкIэ пхрыплъыф, щIэр зи унэтIыныгъэ, «зи лъагъуэр езым ещхьыкъ» ткакIуэу. Сонэм къыдигъэкIащ и усыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ, и Iэдакъэщ1кI куэд газетхэмрэ журналхэмрэ традзащ, цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэм ящIэлъ псалъэхэр зэхилъхьащ. Абдулчэрим ящыщщ анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъыным и къару емыблэжу, еш жыхуаIэр имыщIэу телажьэ щIыхухэм. Тхылъ тедзапIэм щыщылэжьа илъэсэхэм, абы Iэзэу зэхилъхьэри, дунейм кьытригъэхьащ ещанэ классым адыгэбзэр зэрыщIаджын тхылъ.

«Iэгу-махуэ, Iэщ1-жэщ» тхылъым щызэхуэхьэсащ усакIуэм и къалэмым кьыщIэкIа тхыгъэ зыбжыбжэ. Абы зыкъигъэльэгъуащ гъащIэм и жанкIэ пхрыплъыф, щIэр зи унэтIынныгъэ, «зи лъагъуэр езым ещхьыкъ» зыфIища поэмэри хэту. Абыхэм наIуэ ящI Сонэм япэу къыдигъэкIа тхылъхэм («Дзапэ уэрэд», 1975 гъэ; «ПыIэзэфIэхь зэман», 1988 гъэ) яхилъхьэ гурыщIэжэм, поэзием щIэ гупсысэжкIэ ирихьэ. Абы и щIыкIэ кьыззэрыпэжкIэ икIи, ди гущэ зэрыхьущи, псом нэхърэ ар нэхьыщхьэу ЪщIэлъытэ - и Iэзагъым нэхъ зэрызиузэщIар.

Сонэм и усэхэм я нэхъыбэм философие куу ящIэлъщ. Абы сатырхэм «жьжьэу Iэбэ къэухь» ярет. УсакIуэм кьелъыхьэу къэралымрэ цIыхухэмрэ я зэхущытыкIэм хэлъын хуей пэжагъыр, хэмылъмэ - щIыхэмылъым и щхьэусыгъуэр, цIыхугъэмрэ напэмрэ дунейр кьызэриухуэрэ зэрызэхьэлIар, а тIур щызэфIэкIуэдым деж жылагъуэ псэукIэри зэрыбгъунлъэр, кьулыкIуэрэ мылъкукIэ нэхъуеинщэхэм утыкур зэрауфыдыр.

Жэщым и Iэгу-махуэ,
Махуэм и Iэщ1-жэщ,
Хэт зэманыр щIехуэ,
Хэт зэманым еху.
Iэгу-Iэщ1 зэблэхъуным
ГъащIэр еудын.
Iэгум кьимыхъуэнур
Iэщ1ым тезэгъэн?

ЦIыхубэм пщIэнтIэнсрэ хьэзабкIэ яухуа кьэрал лъэщыр лъэлъэжащ. Абы кьишащ зыпэмылIа зэранигъэ Iэджэ. Иджы «зэхуагъэдалъэу я джатэ, лъэпкъым яджыжьыр я тхыдэр» («Тхьэгурымагъуэм и дерсхэр»). УсакIуэр ди дыгъуасэм хуоплъэкI, гурыIуэгъуейуэ щIыщIытари кьыджеIэ, ауэ абы щIэнакIэркъым.

Ди блэкIа махуэ!
Пхъашэу ущытами,
Гугъэ нэху гуэрхэм
дэ дыкърихьэкIт.

Сонэми иIэщ лъэхъэнэхэр щызэхьэлIа уэз Iэрамэхэр, абыхэм ятелъщ, дэри гу зэрылъытащи, пасэу «Iэпэгъу къищIа» философием и нэпкъыжь. Ар Абдулчэрим и усыгъэхэм ягъэта, нэгъэущIым емыщхь лъагъуэкIэ адыгэ литературэм кьызэрыхьа хъэтIщ.

Сонэ Абдулчэрим щIагъыбзэ зыщIэлъ усыгъэмэ зэрыхуэзэрыуэр кьигъэльэгъуащ абы и поэмэ «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр» жыхуиIэм. А фIэщыгъэращ иIэри усакIуэм и ещанэ тхылъу 1998 гъэм кьыдэкIам. Поэмэр сатируэу тхащ. Аллегорие мардэм иоувэ. Къуалэбзу джэгуакIуэхэм я уэрэд жыIэкIэр къэзыхутэр хьэкIэжхъуэкIэхэращ. ГурыIуэгъуэ мэхъу поэмэм и михьэнэри и сюжетри цIыхухэм я Iэщ1эм кьыщыхьукъыщыщIэхэм, псом хуэмыдэу кьулыкъуэкIэ лъэкIыныгъэ зиIэхэм, зэрехьэлIар: щIэкIадзэм, литературэм я лъагапIэхэр абыхэм я Iуэху елтыкIэм ельытауэ къы-щIокI куэдрэ. Таурыхьэуу тха поэмэмкIэ усакIуэм ди фIэщ ещI жылагъуэ гъащIэм хабзэр, гъэсэныгъэр, дахагъэр щызэмыгъуэсмэ, щэнхабзэри литературэри бгъунлъэнкIэ зэрыхъунур.

Гу зылъытта унэтIыныгъэхэм ящIыгъущ усакIуэ Сонэ Абдулчэрим и адыгэбзэр зэрыкуур, зэрыжаныр, и сатырхэм гур зэрахьэкур, зэдзэкIакIуэдыгъэ-кьызэригъэльэгъуар, лирикэ теплъэгъуэхэр, сурэт трихам хуэдэу, кьызэрехьулIэр.

Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьэщдокIуэкI лъэпкъым и гум щигъафIэм зэщхьащэ псалъэ екIу хужьызыIэм щыхьэ хуащIу. 1975 гъэм «Дзапэ уэрэд» жиIэу япэу кьыдигъэкIа тхылъым ит, уэрэд цIэрыIуэ дыдэу лъэпкъым ноби Iурылъ, адыгэшым и образыр кьыщыгъэльэгъуа «Шагъдий» усэм фIэкIа имытхами, Сонэм а щIыхьыр и лъэпкъэгъуэхэм я пащхьэ кьыщихьащ. Абы и шагъдийм зиукъуэдиящ, адыгэбзэм и пщIэр къэзыIэт усыгъэ купщIафIэхэр и фIаIьэхэм кьыщIэлъэту.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
публицист, критик.

Сонэ Абдулчэрим и пшыхьым усакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн кьыщопсалъэ. *2012 гъэ*

«Адыгэ Хасэ» литературэ гупым хэтхэр. *КъБКъУ, 1966 гъэ*

Сонэ Абдулчэрим и усэхэр

Дзапэ уэрэд

Си лъэпкъ тхыдэрщ си дзапэ уэрэдыр,
Ар пшынальэу гущIэми кьоIукI.
А уэрэдым кьожьу мывэдухэр,
И макъамэ лъэщым псэр дохъуэпскI.

Уэрэдыр зыусауэ Iэ лэрыгъуэхэм
ПхъэIэщэкI-кьалэмкIэ ар ятхащ,
Щхьэмыгъаазэу хэту зауэ Iугъуэм
Жыр джатэ Iугъакlи зэхахьэщ.

Иджырейхэм пащэ а уэрэдым -
Адыгэм щIэныгъэр и кьалэмщ.
Дыщэ Iапэщ, ей, си лъэпкъ цIыкIу уардэр -
Зыдехь нобэ пщэдейрей кьалэн.

Си лъэпкъ тхыдэрщ си дзапэ уэрэдыр;
Илъэс мин зыбжанэм ар я макъщ.
Тхыдэ инхэр мы дунейм щыкуэдми,
Сыхуэхъуапсэ мыхъумэ,
Сыблэхъуэпсыкlакъым сэ ди лъэпкъ.

Iубыгъуэ закъуэ

ФIыщIэу солъагъуэ зы фадэ,
Ар щымыIэххэ зыхуэдэ;
КьызыхащIыкIыр сымыщIэ -
Тхьэ закъуэракъэ ар зыщIэр.

Сопсэу сIэщIэту Iэгубжьэ,
Ар кьыздокIуэкIыр си ныбжьым.
Абы ит фадэр ар - гъащIэщ.
Сыт хуэдизэ итми, сфIэмащIэщ.

ПшэкIэпIэу, фадэр фIэрафIэщ,
Дыгъэнскlи псэр егъэгуфIэ;
Гурыгъу-гурыщIэр я шхуэIуу
ЦIыху цIыкIур итщ абы и Iуэм.

Сонэ Абдулчэрим и усэхэр

Вагъуэр Iэгубжьэм щоджэгур,
Ущетъабжьыфlэ уанэтум;
И жейри фом кьоIафIэкIыр,
Ункъуи лъокIыр хьэ кьуклэу.

Ей, гъащIэ-фадэу гъуэзэджэ,
Тхьэм и Iэмыру телыджэ,
Уи лъащIэр куумэ - насыпкъэ,
Тхьэр схуэгъэпэжмэ - хьэзалкъэ.

Iэмал диIэххэу тхулъэкIмэ,
Дынэмысынут и лъащIэм.
Ар Iыхьэ дапщэ ищIыкIми,
Iубыгъуэ закъуэу мэкIуащIыр.

Уэшх нэужьым - си лъахэр

Уэшхым егутъуу зэщIигъэнскIауэ,
ЗэщIобжьыр щIыгуу щэджащэр.
И гур пащIыхуэди щIохъуэпскIыкIауэ,
Пшэ баджэр епхъыр щхъуэпсыр зи фащэм.

ПIоIощI ираIауэ ихъуреягъкIэ:
КъэкIигъэ щIыкIухэм щхъуантIагъэр щызи!
Хьэуари хуэащи къэуат салъкъыпкIэ,
Псынэпсым хуэдэу уи Iум йожабзэ.

Удзыпэ къэси, якъыр тхьэмпэ псоми
Гъуджэ-ткIуэпс щIыкIухэр псынсу яфIэскъэ;
ТкIуэпсхэм къащIопсэ дыгъэпс кьепсыхри,
Псырылъэ псыгъуэу бзийхэр ирашкъэ.

Нэм къыщIэджагуэу, псэри дихьэхыу...
«ТхьэIуху» псалъэр лъахэм хуэфащи!
Гурыщ1э дамэм уафэм сыдихьу,
ГъащIэр уи дежьм тIэкIу щыIэфIыщи!

Хабзэщ ягъафIэм фIыр хуэфIахьу,
Благъэфlхэр зиIэм и кlэн къикIакъэ:
Мес лэгъуныкъуу Iупщэ дахэр
Уафэм кърахри щIым къратакъэ!

Яп лъагъунытгъэм и хъыбар

Балигъ сыхъуным сыхуэпIащIэрт,
Ильэсхэр икъукIэ сэ сфIэкIыхьт.
Ди зы классэгъуи сыкъимыщIэу,
Амыдэ куэдрэ сэ сепщIыхьт.

А пщащэ нагъуэм хуэдэу дахэ
Ди жьлэ псом къимытэджат;
Письмо куэдыжьу абы хуатхырт -
А псом Амыдэ къыпхуеджэнт?!

Дэ дызэныбжьхэу деджэ пэтми,
ХъыджкIэбзэр дяпэ хъурт балигъ.
Нэхъыфlу еджэм сэ сахэтми,
Льагъунытгъэшхуэр си щIыбагът.

Чыш лантIэм тест сэ си гурыщIэр -
Iупсысэр уэгум изарыхьт,
Iуэхутъуэ Iэджэм закIэрысщIэрт,
Гурыльхэр Iуащхьэу си хьэзырт.

Сэ хъыбар гъущэ щIэзгъэдэIумэ, -
Хьыджкэбэ згъэзэщыр Iупщ1т зыхуэйр:
Шы ябгэр тынщу зыгъэдаIуэм,
И нэ топ цIыкIуэкIэ хуэдпIъейрт.

... ХэкIаэсIуат, си уафэр гъуагъуэу
Зы насып гуэр кьыщизгъэхъуам:
Амыдэ дахэр бынунагъуэт,
Шууей хуэм-хуэму сыщыхъуам.

Псы екIэхахэм абы лъандэм
Ильэс щIы бжыгъэм я Iэ щIэлъщ;
ИтIани си гум кьыпольадэ
ЖесIэн Амыдэ си гухэлъ.

Иджы сымыщIэ ар здэщыIэр,
Ауэ зы щIыхь сэ кьыздокIуэкI:
Амыдэ джежIэ си нэр щыIэу,
ЕщIанэ классым урок щокIуэкI.

Шагъдий

Си щы къарапщIу
ПщIащхъуэу щIэлъэтым
Ди губгъуэ куэщIыр
Уи зы ичыгъуэщ.
Уэ уи лъэмакъыу
Тхыдэм кьыщыджэр
ЛIыгъэ макъамэм
И джэпэджэжкъэ!

ЛIыхъур уэрыншэм
Iащэнщэ кьабзэт,
Уи бзэм щыгъуазэм
Урибгъэ дамат.
Лъэпкъым и гуаум
Уэ дэбгуэпакъэ,
Лъэпкъым и гуапи
Уэ ухэтакъэ.

Щыгъажэ хъуамэ,
Щытхъур кьыбохьыр -
ЩIыхьыр уохъуэм
Шагъдий лъэрыхьым.
Адыгэш кьабзэу,
Ей, си шагъдий,
Щыщхъэмыгъазэу
Зыпэукъуэдий.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.

Илъэс 90 хъуауэ Хэкум хуолажьэ

● ДОСААФ

Урысейм и ДОСААФ-м и зыужьныгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу ди къэралым и тхыдэм епхащ. Абы игъэващ Хэкум и гукъеуэри, иIэтащ и ехъулIэныгъэри. Зыхъумэжьныгъэм, авиацэмрэ химическэ ухуэныгъэмрэ и щIэгъэкъуэн зэгухьэныгъэм (ОСОАВИАХИМ) къытепщIыкIыжа ДОСААФ-м и илъэс 90 юбилейр догъэлъапIэ. Ди къэлэн нэхъыщхьэри догъэзащIэ - щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуныимрэ Хэкур яхъумэным хуэгъэхьэзыныимрэ.

А ЗЭГУХЬэныГЪэМ хэтхэр псэемыблэжу я къэралым хуэлажьащ - дзэмрэ цIыхубз хозяйствэмрэ зыхуэныкъуэ Iэщ Iагъэхэр зрагъэгъуэтащ, Хэкур яхъумащ, щIалэгъуалэр ирагъэджащ. ДОСААФ-м къыщыунэхуащ къэухьлатэзехуэ, спортсмен, инженер, дизэешь, конструктор цIэрыIуэ куэд. Хэку зауэшхуэм и лъахъэнэ закъуэм къриубыдзу абы щрагъэджащ хьилI (моряк) мин 63-рэ, авиацэ Iэщ IагъэлIу мин 93-рэ, снайперу мини 139-рэ, танкхэр къэзыгъаузкуэ мин 266-рэ, автоматчикрэ пулеметчикыу 1 мелуныкI щIигу - ахэр гоцри Хэкум и хъумакIуэ хуащ.

Зауэ нэужь лъхъэзэнэ хьэлъэм Iэщ Iэкlэ зэщIэуэзэда къаруэхэрэ цIыхубз хозяйствэмрэ я Iэщ Iагъэлъэхэр ягъэхьэзырын папщIэ ОСОАВИАХИМ-м и Совет нэхъыщхьэм и унафэщI, авиацэм и генерал-лейтенант Кобелевым и унафэ №23-м ипкъ иткIэ 1946 гъэм накъыгъэм и 15-м Къбэрдей-Балъкъэрым къыщызIэуахащ республикэпсо автомотоклуб, Налшык техникэ школ зэхэтым къежьапIэ хуэхуар.

Автомотоклубым и хэпэжу цIыкIуэ щытащ Санкт-Петербург дэт Политехникэ институтыр 1918 гъэм къэзыуха, зи лэжьыгъэм фIы дыдэу щыгъуазэ Высоцкий Константин. Абы а къулыкъур ирихьэкIащ 1954 гъэ пщIондэ.

ИльэситкIэ кIэрыубыдэу гъэ къэс автомотоклубым игъэхьэзыру щытащ шофери 100 - 120-рэ. Дэтхэнэ зы гупри мази 6,5-кIэ ирагъаджэрт.

1953 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Республикэпсо автомотоклубыр автомобиль школ ящIыжащ. 1954 гъэм и накъыгъэм щегъэжьауэ 1965 гъэм и жэпуэгъуэ хьуху автомобиль школыр и нэIэ щIэтащ дзэм къыхэкIыжа подполковник Пащты Леонид.

Илъэс 40-м кIэриубыдэу автошколым щагъэхьэзыращ разрядэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэ спортсмен мини 4,5-рэ. Курсант мин 11-м щIигу хэтащ автомотоспортымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Ионин Виктор 1968 гъэм автоспортымкIэ СССР-м и чемпионатым и жэз медалыр кIихьащ.

КъБР-м и ОСТО-м и унафэщIхэр гулъытэ хэха хуащIу щытащ спортым зегъэужьным. 1980 гъэм школым кIыщIэзIуахащ «Спорт-техникэ клуб». Абы и апэ унафэщI хъуащ СССР-м спортымкIэ и мастер Инин Виктор. Автошколым и гуп къыхэхар зыбжанэрэ хэтащ СССР-мрэ Урысеймрэ я чемпионатэхэм, СССР-м и лъэпкъхэм я спартакиадэхэм. 1977 - 1992 гъэхэм кIриубыдэу «Эльбрус» союзпсо авторалли зэхьэзэхуэхэм автошколым и гъэсэнхэм апэ увыпIэхэр щызыIэрагъэхьэу къеклуэкIащ.

Автошколым щагъэхьэзыращ СССР-м спортым и мастерхэу 7: Кучер В., Малкандуев В., Мирошник В., ХьутIатI М., ХьутIэ С., Гугуев А., Балъкъэр А. сымэ. ЦIыху 24-м спортым и мастерым и кандидатым и мардэхэр ягъэзэщIащ, апэ разрядыр зыIэрагъэхьащ спортсмени 112-м. «Спорт-техникэ клубым» Малкандуевыр и унафэщIу щыщыта лъэхъэнэм ДОСААФ-м и комитет нэхъыщхьэм иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм ди командэр 10 щытекIуащ, 1988, 1991 гъэхэм гуп, щхьэзэкъуэ зэпеуэхэмкIэ Урысейм и чемпион хъуащ.

1964 гъэм къыщыщIэдзауэ 2000 гъэ пщIондэ автошколым и егъэджакIуэхэм дзэм хуагъэхьэзыращ шофёр мин 20,3-рэ. 1965 гъэм абы и унафэщIу ягъэуващ Хьэкъул Жамбот икIи илъэс 21-кIэ я къалэныр ирихьэкIащ.

А лъэхъэнэр автошколым и дежкIэ нэхъ гугъуу икIи жэуапIныгъэшхуэ зыпылIу щытащ. Курсантхэр зэрыраджэ мардэхэр яхъуэжащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ е курыт зиIэ егъэджакIуэхэр ящащтащ. Абы щыгъуэм еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ техникумхэмрэ я къухэрэ егъэджакIуэу, мастеру школым къекIуащ Хьэхъупащ Мухьэмэд, Хьэмыкъуэ Борис, Щомахуэ Юрэ, Къардэн Елбэрд сымэ.

1979, 1981 гъэхэм ДОСААФ-м и ЦК-м школым къыхэхуигъэфэщащ «Щапхъэ зыгъэлъагъуэ» цIэ лъапIэр. Автомашинэхэр зезыгъакIуэ цIыху Iэзэжэр къызэрыщIихэмрэ къыхэгъакIэм папщIэ абы тIэунейрэ къратащ Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр.

Школыр къэзыуха цIыху 37-м 1975 - 1990 гъэхэм кIриубыдэу дзэ училищэхэм я щIэныгъэхэм щыкагъэхъуащ. Интернациональнэ къалэныр зэрагъэзэщIам папщIэ цIыху 250-м орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ, абыхэм ящыщ Батыр Н., Къарэ А., Щоджэн З. сымэ. Школыр къэзыуха цIыху 800-м щIигу я яхэтащ Чернобыль АЭС-м аварие къыщыщыхьуам къырикIуахэр зэзыгъэзэхуэжахэм.

Адэкlэ школым и унафэщIу щытащ дзэм къыхэкIыжа полковник Хоменко Виталий. Илъэс 12-м щIигукIэ, 1987 - 1999 гъэхэм, школыр и нэIэ щIэтащ дзэм къыхэкIыжа полковник Молэмусэ Билал.

Илъэс 27-кIэ школ унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ Сафронов Фёдор. А зэманым кIриубыдэу еджапIэм зыужьыныгъэ игъуэтащ: гъэтIылъапIэхэр нэхъыбэ хъуащ, еджапIэ пэщыщIэхэр кьызэIуахащ. Школым автомобиль техникэщIэкIэ зыщагъасэ хъуащ, тренажёр классхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ.

1999 гъэм школым и унафэщIу ягъэуващ Штаб Нэхъыщхьэм и Академиер къэзыуха, взводым и командирым кьыщыщIидзэу армэм и штабым и унафэщIым и къуэдзэм нэса, дзэм къыхэкIыжа полковник Шыхъэрбахъуэ Мухьэмэд.

Илъэс пщыкIубл илэкIэ школ пщIантIэм автодром щыкIу къыщызэIуахащ, егъэджэнныгъэ дзэ унэтIыныгъэм нэхъ тегъэщIа хъуащ, медицинэм хуагъэхьэзыру щIадзащ. Школым и къызэрыгуэкI гъащIэм дзэм и мардэ нэхъыбэу егъэт.

КъыкIэлъыкIэ илъэсипщIым школ унафэщIым и къалэныр сэри згъэзэщIащ. Дэ тхузэфIэкIащ зэрыгараджэ-материальнэ базэр кьэдгъэщIэрэщIэжьи, школ егъэджакIуэхэм къахьхьащ щIалэщIэ жьыджэрэр. Сыщылэжьа лъэхъэнэм автомобиль техникэм я паркыр дзэм къыщагъэсэбэп иужьрей транспорт лIэужьыгъуэхэу «Урал», «КамАЗ»-хэмкIэ, автомобиль псынщIэхэмкIэ къызэдгъэпэщащ. Школым и пэшхэм ящыщ зым къыщыщызIуахащ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэунэтIа класс. Абы хуэдэ республикэм зыщыщIыпIи щыIэкъым.

Зыхъужьжьныгъэ зэгухьэныгъэм и кьежьапIэм Iута дэтхэнэ зы унафэщIми езым и гъащIэ, и дуней еплъыкIэ иIэжу щытащ, ауэ ахэр зэкъуэт зыщIар зы плъапIэщ - щIалэгъуалэр хэкупсэ нэсу, Хэкум и хъумакIуэу къэгъэтэджьным теухуауэ я псэемыблэж лэжьыгъэрщ.

ДОСААФ-м и нобэрей къалэн нэхъыщхьэхэр нэхъапэм щыIахэм куэдкIэ Iэщ Iэщ Iэкlэхэр къыхуагъэгъуэтащ. Абы щыгъуэм дзэ-хэкупсэ, физическэ зыужьныгъэ егъэгъуэтыныр щ; къэралыр Iуэхущ Iапl эхэм япыщIауэ щIалэгъуалэ политикэр егъэкIуэкIыныр щ; егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэIэпыкъуэрэ, къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэр УФ-м Iэщ Iэкlэ Зэщ Iэуэзда и Къарухым ящрикъуэ зэрыщрахьэкIыным хуэгъэхьэзырынырщ; дзэм екъэлIа спорт лIэужьыгъуэхэм зегъэужьынырщ; къэралъ, муниципальнэ Iуэхущ Iапl эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэIэкъэзырщ.

Школым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр техникэ Iэщ Iагъэхэм я щIалэгъуалэм гъэхьэзырыныр щ. 2014-2016 гъэхэм къыщIагъэкIащ автомобиль транспортыр зезыгъэкIуэну хуитыныгъэ зиIэ цIыху 2334-рэ. Гъэгъуэм зэрыщIэзекIуэ хабзэхэр Iэзагъыщхуэ хэлъу ныбжьыщIэхэм зэманым зэмылIэужьыгъуэхэм бгъэдалъхьэу щытащ Шумигай И., Лей-бин И., Къумыкъу Р., Къардэн З., Коробов В. сымэ. Иджыпсту автомашинэр зезыгъэкIуэну мурад зыщIахэм екъулIэныгъэ яIэу ядолажьэ Къудей Б., Къудей А., Хьущт Р. сымэ. Гъэгъу насыпыншагъэ къэхъуамэ, фэбжь зыгъуэтам яIэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратынум щIалэгъуалэр хуегъаз Беслъэней М., абы и пэкIэ а лэжьыгъэр зэман куэдкIэ игъэзэщIащ Зеушэ Л. Щытхъу псалъэхэр яхуэфащэщ автомашинэ къеухуэкIыкIэм хуэзыгъасэу щыта мастерхэу Сонэ В., Жэмбоч Р., Афащ Iагъуэ Хь., Къардэн Хь. сымэ. Иджыпсту а лэжьыгъэм пэрытщ Амщокъуэ Хь., Иванов О. сымэ.

Налшык къалэ округым хыхьэ егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапl эхэмрэ Налшык и техникэ школ зэхэтымрэ (НОТШ) ягъусэу кьызэрагъэпэщащ экъулIэныгъэ иIэу мэлажьэ «Патриот» дзэ-хэкупсэ клубыр. Абы и къалэнхэм ящыщщ школакIуэхэр Хэкум и хъумакIуэу къэгъэтэджыныр. Налшык къалэ администрацэм, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ департаментым, егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапl эхэм, КъБР-м щыIэ ФСБ-м и Гъэпцlэхъэмэ управленэм и еджапIэ центрым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящIыгъуу илъэс къэс йокIуэкI хэкупсэ, спорт унэтIыныгъэ зиIэ Iуэхуг ъуэхэр: ДОСААФ-м и дзэ-хэкупсэ клубхэм я спартакиадэхэр, школакIуэхэм я щэнэ еуэныкIэ я зэпеуэхэр, Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ пхъэбгъум удз гъэгъахэр щытралъхьэ, районхэм ящыхьэ къуажэхэр автомобилкIэ къыщызэхажьыкъ зэхьэхэхэр, пэкIуэр, егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапl эхэм лIыхъужьныгъэм и дерсхэр къыщызрагъэпэщ.

Ныбжьыщ Iэхэр школым щыщIэтIысхьэкIи къыщауэкIи адэ-анэхэр къраГъэблагъэри гуфIэгъуэ зэIущIэхэр ирагъэкIуэкI.

Налшык и техникэ школ зэхэтыр зэрыпэжьа илъэс псоми ар и къалэн нэхъыщхьэр зэригъэзэщIэным хуэунэтIауэ щытащ. КъБР-м и ДОСААФ-м и автошколым и лэжьакIуэхэм гукъыдэжьыщхьэ яIэу, IуэхугъуэщIэхэм хуэпабгъэу я юбилейм IущIащ. ДОСААФ-м и ветеранэм дохъуэхъу махуэ планIэмкIэ. ГъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ екъулIэныгъэ щIэну ди гуапэщ.

КЪУДЕЙ Борис,
Налшык и техникэ школ зэхэтым и унафэщI, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

●ЩIыуэпсым и илъэс

Арыншауэ гъащIэ щыIэнукъым

Мэзхэм цIыхур фIэкIыпIэ зимыIэу зыхуэныкъуэ кислородыр «къалэжь», дыкъэзыуухуреихь дунейм хаутIыпщхьэ, предприятэхэмрэ заводхэмрэ къаутIыпщ углеродри зыщIашэ. ЩIы Хъурейм псыIагъэу тетыр тэмэму зегъэкIуэнымкIэ къалэн нэхъыщхьэ зыгъэзащIэри ахэращ.

ЖЫГЭМ щIыгулъым псы къыхашри ягъэкъабзэ, иужькIи ар хьэуам хаутIыпщхьэ. Ахэращ щIыщIагъыпсхэр кьызэрыдэкIуейр зи фIыщIэри, щIы щIыIур зымыгъэхъэхри. Пасэ зэман лъандэрэ гу зэрыльатащи, мэзхэр щраупщIыкIа щIыпIэхэм псы ежьэхэр щдожэщ.

ООН-м Ерыскъыпхъэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм къитхэм ятепщIыхьмэ, дунейм мэзхэр псынщIэ дыдэу нэхъ мащIэ щохъу. КъызэрабжамкIэ, илъэс къэс ЩIы Хъурейм мэзу гектар мелуан 13-м нэблагъэ тобзэкьыкI, къагъэкIыжьфыр гектар мелуани 6 иримыкъущ. Абы къикIыр, футбол джэгупIэм кьызэщIиубыдэ губгъуэм хуэдиз мэз ди планетэм зы секунд къэс зэрыфIэкIуэдырщ.

Мы Iуэхур нэхъри зэIымыбз ещI хъат хъыбархэр къызыпкърыкIыр яхъуэралхэм я Правительствэхэр зэрыарам. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм хэIущIыIу ямыщIыщэмэ нэхъ къащтэ я деж хабзэншагъэкIэ мэзу щраупщIыкIыр зыхьэхуздзыр икIи апхуэдэхэм я бжьигъэм и тэмэмыпIэр зэрыщIахъумэным яужь итщ.

КЪУМАКУЭ Аслъэн.

Дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэ мазэм балъкъэр литературэм и классик Кулиев Къайсын къызэраIухуэр илъэси 100 ирокIу.
Сурэтым: **Къайсын кьыбгъэдэтщ и къуэш Хьэлисрэ и шыпхъу Iэминатрэ, щысхэр Эфендиев Борисрэ Кудаев Сэхьидрэщ.** *1972 гъэ*

● Хъуэхъу

Гъукlакъуэ Инал и махуэ

КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и 2-нэ курсым и студент Гъукlакъуэ Инал и ныбжьыр илъэс 20 зэрыкIуар мы махуэхэм егъэлъапIэ.

ДАХАГЪЭУ дунейм тетыр къызыдэуш гъэм и зэманым къалъхуа ди щIалэ жаным дохъуэху и гъащIэр гъатхэм хуэдэу щIэращIу, и уафэр кьащхьэрэ и щIыпIэр щхъуантIэу, и пщIэр лъагэрэ и псэр кьабзэу, и щIэныгъэмрэ акъылымрэ санэхуафэр хуэIэту, цIыхугъэр кьэдгъабгъэу, и адэ-анэр хуэзыгъэшIэу, и насып вагъуэр уэгум итрэ гуфIэгъуэ кIэнщIэр и Iэпэгъуэу илъэс куэдкIэ псэуну. Игу дыхьэу кьыхиха Iэщ Iагъэм фIы дыдэу хуоджэри, абы пэрыварэ хъерыфIэу, и лэжьыгъэр купщIафIэрэ и цIэр фIыкIэ кьраIуэу лIы и ныбжь кьигъэщIэну дыхуохъуахъуэ.

И адэшхуэ Мухьэмэд, и анэшхуэ Роэз, и адэ шыпхъуэхуэ Ритэ, Роситэ, и адэ къуэш Аслъэн.

● Спорт хъыбархэр

Азау хуейм и хьэщIэхэр

ЩIыхьэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэм и щIыхькIэ КъБР-м зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIащ.

АЗАУ хуейм бгылъэ-лыжэ спортымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ, Терскол хоккейм фIыуэ зыльагъуэхэм я зэхьэзэхуэ щIэзэхэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэми гъэщIагъэм куэд къыщыззрагъэпэщат. Къапщтэмэ, Абхъазым и утым щауэуа мылыльэ Iэрыщым спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ я зэфIэкIыр щагъэльэгъуащ КъБКъУ-мрэ КъБКъМУ-мрэ я студентхэм. Зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я нэIэ щIэту.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

Бабыгуей Олег зыри къыпэлъэщыркъым

Белоруссием и Президентым и щIыхькIэ Минск къалэм самбэмкIэ щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къыщихьащ ди лъахэгъу Бабыгуей Олег.

И ХЬЭРХУЭРЭГЪУИПЛIЫР хигъэщIа нэужь, Бабыгуейм финалым къыщыпэщIэуващ Москва щыIа Гладышев Пётр. Секунд 45-м кIриубыдэу ар ди щIалэм идэрт, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. Бабыгуейм апхуэдэуи къыхуагъэфэщащ «Техникэ нэхъыфI зиIэ» саугъэтыр.

СамбэмкIэ дунейпсо федерацэм и Iэнэщ Iэныгъэхэм къызэрагъэпэщауэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Бабыгуей Олег килограмм 74-рэ зи ялъэIуагъэхэм я деж нэхъ лъэрызехьэ дыдэу къыщалъытэ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2016 - 2017 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр ирухащ. Зэи къэмыхуауэ, абы дыщэ медалхэр щызыIэригъэхьащ Къэхъун къуажэм и командэм.

ИУЖЬ джэгуГъуэм ирихьэлIэу зымащIэ дыдэт зуэныкъуэхыр «Къэхъуныи» чемпионыгъэр зыIэригъэхьэн папщIэ - къыхамыгъэщIэн хуейуэ арат. Апхуэдэ щытыкIэр абыхэм къыщалэжьыжьат ипэкIэ зэхэта зэIуущIэхэм. Абыхэм ящыщ зым Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и гъуэм къэхъондэсхэм жэуапныншэу топитху щыда-гъэкIат. Ар чемпионыгъэм хуэзышэ лъэбакъуэфIт, адрей и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм очко тIырытI зэрафIэкIуэдар къэплыстэмэ. Къапщтэмэ, дыщэм щIэбэныну иджыри къэс Iэмал зиIэ Хасрэгъэ и «Велес»-мрэ Налшык и «Школ №31 - РусГидро»-мрэ бжьигъэр кьызэIуахауэмкIэ зэбгъэдэкIыжат. «Звезда»-ри пэльэщатэкъым «Спартак-Налшык-2000»-м. «Къэхъуныр» и закъуэ зэрыкIуар, текIуэныгъэр зэльытыжар кьыIэрыхьэну медалхэр зыхуэдэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым 2015 гъэм щытекIуахэм щIымахуэми а ехьулIэныгъэр зыIэригъэхьэн зэрыщIэхьэупсыр нэрылъагъуат. Мы зэхьэзэхуэр иуэхыным джэгуГъуитху иIэжу къэхъондэсхэм бжьыпIэ ячыдыдэ икIи ар адэкIэ зэи яутIыпщкъым. КIэух зэIущIэр щыщIидзэнум ирихьэлIэу haIуэ хъуат ахэр зэрычемпионыр. А зэхьэзэхуэм нэхъ пасэIуэу «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым хигъэщIат пашэм къыкIэпIэ «Школ №31 - РусГидро» командэр. Абы щхьэкIэ къэмынэу, иужь джэгуГъуэми «Къэхъуныр» щытекIуащ икIи апэ дыдэу ди республикэм и щIымахуэ чемпион хъуащ.

ЕтIуанэ ЩIыпIэр иубыдащ Налшык и «Звезда»-м. Дыжьын медалхэр школакIуэхэм ялъысащ.

Гуп нэхъыщхьэр зэрибгъэнагъэр пасэу haIуэ хъуа Налшык и «Спартак»-м гъусэ хуэзыуащ Прохладнэ къалэм и «ГорИс-179 Кавказкабель»-р. Псалъэм къыдэкIуэ къыхэдгъэщынщи, нэгъабэрей зэхьэзэхуэм абы ещанэ увыпIэр кьыщыхьат. Пори щыIэзэкIа иужьрей зэIуущIэм прохладнэдэсхэм къьефIэкIащ джэгуГъуий хъуауэ псоми къыхагъащIауэрэ къекIуэкIа «Спартак»-р. Мы зэхьэзэхуэм къыщацха текIуэныгъэхэр зэрыщIынэхъ мащIэм къыхэкIыну «ГорИс-179 Кавказкабель»-р ижь къыхуагъэ «Спартак-Налшык-2000»-мрэ «ЛогоВАЗ»-мрэ икIи гуп нэхъыщхьэм къыхагъэкIащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щытекIуащ «Школ №31 - Русгидро»-м и пашэ Апажэ Чэрим. Ар мы зэхьэзэхуэм 17-рэ къыщыхэжаныкIащ. Абы къыкIэлъэокIуэ топ зэрыщIэпщыкIэу дзэзыгъэкIахэу Темуркуев Муратрэ («Звезда») Иуан Азрэтрэ («Союз-Сэрмакъ»).

Иджы щыгъуазэ фыкъуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм къарикIуа бжьигъэхэм. Мис ахэр: *епщыкIуплIанэ джэгуГъуэ* - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Щагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:2**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **0:5**, **«Спарта»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **0:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Школ №31 - РусГидро»** (Налшык) - **0:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Мурбек»** (Налшык) - **4:3**, «Спартак» (Налшык) - **«Ансар»** (Налшык) - **1:2**, **«Звезда»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-2000»** (Налшык) - **1:1**, **«Къуэлъкъуэжын-Тэрч»** (Къуэлъкъуэжын) - **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **0:5**; *епщыкIуплIанэ джэгуГъуэ* - **«ЛогоВАЗ»** - **«Къуэлъкъуэжын-Тэрч»** - **2:1**, **«Спартак-Налшык-2000»** - **«Спартак»** - **2:1**, **«ГорИс-179 Кавказкабель»** - **«Спарта»** - **1:2**, **«Мурбек»** - **«Автозапчасть»** - **1:0**, **«Звезда»** - **«Щагъдий»** - **4:2**, **«Ансар»** - **«Велес»** - **1:1**, **«Школ №31 - РусГидро»** - **«Спартак-Налшык-Д»** - **1:4**, **«Къэхъун»** - **«Союз-Сэрмакъ»** - **4:3**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2016/2017 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым кърикIуэ

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Къэхъун»**	**15**	**12**	**1**	**2**	**28-9**	**37**
2.	**«Звезда»**	**15**	**10**	**3**	**2**	**34-14**	**33**
3.	**«Школ №31-Рус-Гидро»**	**15**	**10**	**2**	**3**	**30-12**	**32**
4.	«Спартак-Налшык-Д»	15	9	4	2	29-14	31
5.	«Велес»	15	9	4	2	25-11	31
6.	«Союз-Сэрмакъ»	15	6	4	5	31-26	22
7.	«Мурбек»	15	6	4	5	18-18	22
8.	«Къуэлъкъужьн-Тэрч»	15	6	2	7	22-25	20
9.	«Ансар»	15	6	2	7	24-31	20
10.	«Спарта»	15	5	0	10	21-28	15
11.	«Щагъдий»	15	5	0	10	20-30	15
12.	«Автозапчасть»	15	4	3	8	14-26	15
13.	«Спартак-Налшык-2000»	15	4	2	9	13-18	14
14.	«ЛогоВАЗ»	15	4	2	9	19-43	14
15.	**«Гор Ис-Кавказ-кабель»**	**15**	**3**	**5**	**7**	**19-24**	**14**
16.	**«Спартак»**	**15**	**1**	**2**	**12**	**11-29**	**5**

● Футбол

«Къэхъуныр» щIымахуэми чемпионщ

● Гу зылъытапхъэ

Комиссариатым еджакIуэ игъэкIуэнухэр къыхех

Налшык къалэм и дзэ комиссариатым къыхех Урысей Федерацэм Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэм, нэгъуэщI министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм 2017 гъэм щIигъэтIысхьэнухэр.

МЫ Iуэхум теухуауэ зыхуэзгъаззэ хъунущ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым (Уэлъджырым и уэрам, 26).

КъекIуалIэхэм лъэIу тхыльхэр кьыIах блыщхьэмрэ бэрэжьеймрэ сыхьэт 14 - 17-хэм кIриубыдэу (пэш №45).

Бахъсэн къалэм щыщ **Шауш Хьэбий Чэшиф** и къуэр илъэс 74-рэ ныбжьым иту дунейм ехьажащи, абы и щхьэгъусэ **Шауш Мэсирэтрэ и бынхэмрэ** дахуогузавэ.

Благьэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Iэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэзыгъэтхаxэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратыжтащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Ининэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).* *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.711 ● Заказ №263